ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№216 (21.374) ● 2008 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 8, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президитым и Указ

Зыгъэрыпх Іэнатіэм екъуІэныкъэ зэрыщыІэм икІи иныжь куэд, лъандэрэ хьэлэлу зэрыдаІэсхэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етыт

Быкъыш Ратмир Хьэсэнбий и къуэм - къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и къуэдзэм, тылым и унафэщІым

Джапуев Юрий Мэжид и къуэм - Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм жылагъуэ хабзэр хъумэнымкІэ и ІэнатІэм и унафэщІым

Думай Борис Щ1ыхьым и къуэм - къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ органхэмрэ къэрал кІуэцІ дзэхэмрэ я ветеранхэм я жылагъуэ зэгуэхэныгъэм и тхьэмадэм

Иващенко Александр Петр и къуэм - Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэм зэщІэгъэуІуэу ялэжь щІэпхъаджагъэхэмрэ терроризмэмрэ ебэнымкІэ и департаментым зэщІэгъэуІуэу ялэжь щІэпхъаджагъэхэмрэ коррупцэмрэ ятеуху стратегие унафэхэр гъэхьэзырынымкІэ, анализымкІэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэм

Шукай Зубер Исуф и къуэм - Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм уголовнэ къэлыхьыхьэныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и юрист» иІэ лъапІэр фІэщын

Тембот Владимир Мухьэмэд и къуэм - Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и еджапІэ центрым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм щэкІуэгъуэм и 7-м
№112-УП

● Парламент едэІуэныгъэхэр

ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ

Щэкіуэгъуэм и 6-м зэхэтащ 2009 гъэм Къэбэрдей - Балъкъэрым и республикІэ бюджетым и Іуэхуэ теухуа едэІуэныгъэхэр.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Бечелов Ильяс** зэІуцІэр къыщыдзэІуныкъым къыпхэлъэтуащ республикэ бюджетым и проектыр дунейпсо финанс кризисыр щыщІэхуабжьэ, лъэныкъуэ гуэрхэмкІэ ар Урысей экономикэм къыпхэІэсу щыхуежьа зэманым и пІэ кьихуэу ягъэхьэзыраУэ зэрыщытар икІи абы къыхэкІыу ИдзэкІ зэхъуэкІыныгъэ щхьэхуэхэр халъхьажьи хуейуэ къаззэрыпэщытыр.

Зэрыльжьыну щІыкІэр ягъэбелджьына ныжь, зэІущІэм щедзІыу къыхэтхьа Іуэхугъуэм техуауэ экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ, финансхэмкІэ министрхэу **Мусуков Алий, Бышэн Азрэт**, республикэм и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финансхэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Ахъуэхъу Къанщобий**, КъБР-м и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и Іэтащхэ **Рахаев Борис**, налогхэмкІэ Федерал Іуэхущ1апІэм и республикэ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ **Евстигнеевэ Татьянэ** сымэ жаІахэм.

Абыхэм къызэрыхагъэщамкІэ, Іуэхур тращІыхь Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьныгъэм тегъэпсыхьа программэ хэхахэр гъэзэщІэным, налогхэр къызэрыхах щыкІэр щІэмычэу егъэфІэкІуэным, бюджет мылъкур фейдэ хэлъу къэгъэсэбэпыным, республикэм и къэрал кІуэцІ щІыхьэхэр зытегъэкІыжыным, инвестицэу нэхъыбэ къыхегъэлъхьэным, нэгъуэщІ куэдми.

2009 гъэм гулытэ хэха зыхуащІынухэм ящыщ щ1ыхьхэм я хэхьуэр къэІэтыным, бюджет Іуэхур зэуІуу зэкІэтыльгъэкІуэныр, псэуалъэхэр къэгъэщІэрэщІэныныр щІэхэр зэхуэсыныр.

Зэрытращ1ыхьамкІэ, 2009 - 2011 гъэхэм кІуиубыдэу республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм сом мелард 60-рэ мелуан 265,4-рэ къыщагъэсэпыныр. А зэманым хуэзэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и ВРП-м процент 37,6-кІэ хэхъуэнущ.

2009 гъэм и республикэ бюджетыр зэпэшэчауэ ящащтэнущ, хэхьуэхэмрэ хэщІхэмрэ сом мелард 18-рэ мелуан 909,4-м тращ1ыхь. Федерал бюджетым и финанс дэІэпыкъуныгъэр хэмыту, хэхьуэу сом мелард 7-рэ мелуан 507,9-рэ къаІэрыхьэну мэгугъэ.

Къызэрабжамкіэ, мы гъэм республикэ бюджетым Іэрыхьэнущ налог хэхьуэу сом мелард 4-рэ мелуан 883,5-рэ. ЕтІанэгъэ и бюджетыр сом мелуан 717,9-кІэ нэхъыбэ хьунущ.

Налог хэхьуэхэм я къыхэкІыпІэ нэхъыщхьэщ щ1ыхьхэм къаІэрыхьэм техьэр (сом зы мелардрэ мелуан 853,7-рэ), организацэхэм яйхэр (сом мелуан 793,5-рэ), дамыгъэ хэха зиІэн хуей хьэпшыпхэм я акцизхэр (сом мелардрэ мелуан 700,9-рэ), Іуэхущ1апІэхэм я мылъкум техьэ налогыр (сом мелуан 728,1-рэ), зэгъэуІуа налогыр (сом мелуан 455,7-рэ).

Мы бжыгъэхэр 2009 гъэм и республикэ бюджетым и налог хэхъуэхэм я процент 98,8-рэ мэхъу.

Къэпсэлъахэм къызэрыхагъэщамкІэ, республикэ, щ1ыпІэ бюджетхэм я хэхьуэхэр къызэрызэрагъэпэщ щ1ыкІэр щІагъэбыдэн папщІэ, къэрал, муниципальнэ мылъкуэр зэрызэрахьар, къызэрагъэсэбэпыр кІэлъыплъыныгъэ тІкІи щІэтІысхьэныгъэ хуейщ.

Урысей Федерацэм и финанс щ1ыкІэр зэрекІэкІуам, 2009 гъэм и республикэ бюджетым и щ1ыкІэр нэсу зэхуагъэкІуэн зэрыхуейм къыхэкІыу, абы и щІэхэр сом мелардрэ мелуан 401,8-кІэ ягъэмащІэ.

Мылъкур нэхъыбэу зытрагъэкІуадэ унэтІыныгъэ нэхъыщхьэщ «Бюджетхэм я хэхьуэдэ трансферт-хэр», «Лъэпкъ экономикэ», «Социальнэ политикэ», «Узынщагъэр хъумэн, физкультурэмрэ спортымрэ», «Лъэпкъ щынагъуэншагъэмрэ хабзэхъумэхэм я Іуэхущ1апІэхэм», «Егъэджэныгъэ» программэхэр.

Едэ1уэныгъэхэм щызэпкъраХащ 2009 гъэм и республикэ бюджетым и унэтІныгъэ нэхъыщхьэщ «Бюджетхэм я хэхьуэдэ трансферт-хэр», «Лъэпкъ экономикэ», «Социальнэ политикэ», «Узынщагъэр хъумэн, физкультурэмрэ спортымрэ», «Лъэпкъ щынагъуэншагъэмрэ хабзэхъумэхэм я Іуэхущ1апІэхэм», «Егъэджэныгъэ» программэхэр.

Едэ1уэныгъэхэм щызэпкъраХащ 2009 гъэм и республикэ бюджетым и унэтІныгъэ нэхъыщхьэщ «Бюджетхэм я Іуэхущ1апІэхэм я щІыпІэ къудамэхэм, къэлэ, район администрацэхэм я лЫкІуэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым и

«Зыуэ щыт Урысейр» и лэжьэгъухэм ехъуэхъуащ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэм депутатхэр щытепсэлъыхьащ Іуэху зэмыІэужьыгъуэу тІощым нэблагъэм. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ республикэм и Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс. Законхэр кьыдэзыгъэкІорган нэхъыщхьэм и зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я лЫкІуэу Парламентым щыІэ Къуэшырокъуэ Залым.

ЗэІущІэм и пэщІэдэзэм республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІи и орган нэхъыщхьэр ильэс 70, КъБР-м и Парламентыр ильэс 15 зэрырикуэм и щІыхькІэ хьуэхьу псалъэхэр и лэжьэгъуэхэм яжриащ «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и политсоветым и секретарь, КъБР-м и Парламентым и депутат, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэжьумэуа академием и ректор **Жэрыкьуэ Борис**. Абы кьыхигъэщхьэхукІащ парламентархэм лэжьыгъэшхуэ зэрызэфІагъэхьар, властым законхэр кьыдэзыгъэкІи кьудамэмрэ гъэзэщІакІуэ кьудамэмрэ Іуэхукіэ тэмэму зэрызэпыщІар, апхуэдэ эдэлэжьэныгъэр республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм сэбэп зэрыкъуэхьар. Жэрыкьуэ Борис Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс ириташ хьуэхьу адресымрэ фэепль саугъэтрэ.

Абы и уажьІэ Президиумым хэтхэм зи чэзу Іуэхухэм тепсэлъыхьын щІадзащ. Депутатхэр зэгурыІуащ КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр щжІыгъэуэм и 27-м зэхуагъэсыну. Абы щыхэплъэн папщІэ Іуэху 20-м щІигъу къыщыхалъхьэнущ.

Парламентым и лэжьыгъэр кьыдэзыгъэпэщынымкІэ, регламентымкІэ, депутат щэнхабзэмкІэ комитетым и унафэщІ **Махуэ Владимир** депутатхэм я пащхьэм къриІулъащ «БюджетымкІэ и комитетым и унафэщІ **Абаэ Руслан**, Мы Іуэхум ди республикэм и дежкІи мыхьэнэщхуэ зэриІэр къальытэри, депутатхэм я жэрдэмыр зэакьылэгъуу даІыгъащ.

ЗаконодательствэмкІэ, къэрал хуэныгъэмкІэ, щІыпІэ самоуправленэм и Іуэхухэмкіэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Гилиев Борис** тепсэлъыхьащ «Урысей Федерацэм щІыпІэ самоуправленэ кьыщыдзэгъэпэщынымкІэ поСмя яхуэгъэзэа хабзэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым эхъуэхьІныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм кьыщыхальхьэн папщІэ ягъэхьэзыра законопроектым.

Экономикэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Атэлыкъ Анатолий** кьыхилъхьэри, зэІущІэм щыхэплъащ «Пивэр, ар кьагъэсэбэпурэ ягъэхьэзыр адрей фадэхэкІхэр розницэ сатум зэрыщащэмрэ зэрефэмрэ гъэмэщІэным и Іуэхуіэ» Федеральнэ законым и 2 статьям, «Этил спиртыр, адрей фадэхэкІхэмрэ спирт зыхэт продукцэмрэ зэращІыр, зэрызэблагъэкІыр къэралым иунэтІным и Іуэхуіэ» Федеральнэ законым и 16 статьям зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным теухуа документхэм.

Аграрнэ политикэмрэ щІыуэпсыр къэтэсэбэпынымкІэ комитетым и унафэщІ **Мэремыкьуэ Сэфарбий** депутатхэр щыгъуазэ ищІащ «Урысей Федерацэм и язынькьуэ зыкон актхэм зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуіэ» Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм ягъэхьэн папщІэ ягъэхьэзыра Федеральнэ законым и проектым.

Лъжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэхэу **Дзэш Фатімэрэ Гуляевэ Валентинэрэ** зэхъуэхьІныгъэхэр зэрыгъэхьэзырыр, депутатхэр тепсэлъыхьащ «Урысей Федерацэм щат пенсэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 28 статьям зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэм и Іуэхуіэ» Федеральнэ законым и 6.3 статьям зэхъуэкІныныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» зэконопроектхэм.

Экономикэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Сэхъу Владимир** зэІущІэм щІэсхэм зэпкърыхьэу яхуиІуэтэжащ «Юридическэ Іэнатіэхэм щы Іыхьэхэр зэпымыуэ (пІалъэ пыуыкІа имыІэу) кьагъэсэбэпынымкІэ яІэ хуитныгъэхэр щІэуэ зэратхэмкІэ: хабзэ мардэхэр къэгъэсэбэпынымкІэ зэтеуда лэжьыгъэр» Іуэхугъуэм теухуауэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Совет тым щекІуэкІа парламент едэІуэныгъэм зэрыхэтар.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

●Щэблэ

«Нэху»-р ди хьэщІэщ

Аушыджэр къуажэм мы махуэхэм щохьэщІэ Адыгейм и Тхьэгъэмыкьей куейм кьыкІа «Нэху» сабий ансамблыр.

АХЭР ди республикэм кьрагъэблэгъащ Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ министерствэхэм. Абы кьищынэмыщІауэ, ансамблыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэкІуэныкІэ кьыдІэпыкъуащ Адыгейм и Къэрал Советым - Хасэм и депутат Чырмыті Мухьэдин.

«Нэхум»-м хэт уэрэджьІакІуэ, кьэфакІуэ ныбжьыщІэхэм концерт щатащ Налшыкрэ Аушыджэрэ. А кьуажэращ я бысымри. ХьэщІэхэр унагъуэхэм трагъуанэхщ, абыхэм ди щІыпІэ дахэхэм зыщрагъэпІытьыхьынущ.

ДЗЭГЪАЩІГЪ Азэмат.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2009 гъэм и ящэ ильэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр. Ильэс ныкъуэм ди газетым и уасэр сом 356-рэ кІэлъейкІи 10-рэщ. «Адыгэ псалъэм» Іэ щытетдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

Кайшев Владимир хьэщІэхэм яжриащ Іэщ гъэхъуным зегъэужьныныкІэ КъШР-м Іэмалыфіхэр зэрыщІэр, экологие и лъэныкъуэкІэ къабзэу быныныгъу, мэлылу тонн мини 4,5-м нэблагъэ ильэс кьэс нэгъуэщІ щІыналъэхэм зэрыращащэфынур.

КъШР-м и правительствэм и унэм Іэ щытрадзащ лъэныкъуитІыр зэрызэдзэлэжьэнум теухуа дэфтэрхэм.

Лэжьыгъэм и ветеранхэр

Республикэм и Парламентым иджыблагъэ къыщІащ щІыналъэм и пенсионерхэм я сэбэп зыхэлъ закон. Абы Іэмал кьет ильэс кьэдкІэ зы Іэнатіэ щылэжьащхэм «Лъжьыгъэм и ветеранщІэр, мазэ кьэс ахьыш пособиехэр иратыну.

ДЕПУТАТХЭМ зэрыжаІэмкІэ, ильэс кьэдкІэ хьэлэлу лэжьа щІыхьэм я пщІэр а унафэм кьИэтІынущ, «Къэрэшей-Щэрджэсым лэжьыгъэмкІэ и ветеран» дамыгъэмкІи захуагъэр зэтегъэувэжа хъунущ. Сыту жыІэпэмэ, республикэм щымащІэкъым лъаХэм и зыужьныныгъэм хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІахэу къэрал дамыгъэ, гулытэ яхуэфащэу пенсэ кІуахэр.

«Лэжьыгъэм и ветеран» дамыгъэр ират хъунущ ильэс 40-кІэ Іэнатіэм пэрыта щІыхьэхэм, щІыхьэзыр - ильэс 35-кІэ лэжьамэ, ауэ я пІалъэхэм я нэхъыбэм ахэр Къэрэшей-Щэрджэсым щыщІэжьауэ щІытын хуейщ. Апхуэдэ дамыгъэр зыхуагъэфащахэм я пенсэм сом 350-рэ хуищІагъунущ.

Медицинэ центр яухуэ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и премьер-министр Анкваб Александр иджыблагъэ зэрыжиІамкІэ, Урысей Федерацэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и мурадщ узыфэ куэдым щеІэзэ, гъуэлъыпІи 150-рэ зыщІэхуэ медицинэ центр Абхъазым и Гулрыпш районым щыІэ Агудзерэ жылагъуэм щиухуэну.***

ЦЕНТРЫМ щІы гектари 3,8-рэ иубыдынущ. Ухуэныгъэр ильэситІкІэ зэфІэкІынущ.

«Медицинэ центрыр сэбэп яхуэхъунущ ди щІыхуэм. Дяпэкіэ абыхэм зыщагъэхъужьын сымаджэщ нэгъуэщІ щІыпІэхэм къыщащІыхьэхэн хуей хъунукъым. Центрым щІыхьэнущ УФ-м и дохутыр нэхъыфІхэмрэ Абхъазым и Іэщ1агъэлІу нэгъуэщІ щІыналъэхэм щыІэхэмрэ», - жиІащ Анкваб Александр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Я зэхуэдэ фейдэ

КЪЭРЭШЕЙ-ЩЭРДЖЭС . ***«Мортадель» мэкъумэщ фирмэщхуэм и лІыкІуэ гуп иджыблагъэ республикэм щыІащ. Москва къикІа бизнесменхэм щІыналъэм и экономикэм щыгъуазэ защІащ, мылъку зыхэлъхьэ хьуну мэкъумэщ, промышленнэ Іуэхущ1апІэхэр зрагъэлъэгъуащ.***

МОСКВА къалэмрэ Къэрэшей-Щэрджэсымрэ зэращІылІауэ щыта экономикэ зэгурыІуэныгъэхэм ящхьэ ИткІэ, «Мортадель» фирмэм республикэм щылэжьэн мурад иІэщ. Абы теухуауэ КъШР-м и премьер-министр Кайшев Владимир хьэщІэхэм яригъэлъэгъуащ «Кавказмясо» АО-р.

«ЛъэныкъуитІми фейдэ диІэу дызэдэлэжьэн щхьэкІэ, Іуэхум хэкІыпІитІ хуэзольагъэу. Я пІуэрэ, продукцэ хьэзыр-хэр, псом хэмыдэу быныныгъэ мэлылымрэ, щІыналъэм иттыныгъщ. ЕтІуанэу, Іэщ гъэхъуным инвестициэхэр хэлъхьэныгъщ», - жиІащ «Мортаделым» и унафэщІ Епишин Владимир.

Щ1ыхь къыдэкІыгъуэ

«Адыгэ псалъэ» Іэ щытетдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

Къанокъуэ Арсен ди къуэш Осетием хуэгузэващ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Осетие Ищхъэрэ-Аланием и щІыхухэм, а республикэм и унафэщІхэм яхуэгузэващ абы щалэжьа теорриорет щІэпхъаджагъэм щІыху куэд зэрыхэкІуэдам кьыхэкІыу.

Президентым кьыбгъэдэкІыу Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Іэтащхьэм хуигъэхьа телеграммэм итщ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэр икъуКІэ кьигъэгубжьащ икІи зэгуигъэпащ кьыхэзыгъэкІ щІэпхъаджагъэ терроррист щІэпхъаджагъэ Владикавказ къалэм зэрыщІэзэхащІыхьам теухуауэ къата хьыбарым. Парламентым, Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псомэ къаБгъэдэкІыу уи щхьэкІэ Уэ, ди къуэш республикэм и щІыхубэм сыфхуогузавэ а щІэщхьэщхьэмкІэ. СынолъэІу а хьэкІэжхъуэкІагъэ Іуэхум зи гъащІэр ихьэхэм я Іыхьлыхьэмрэ я благъэхэмрэ сазэрыхуэгузавэр схуажкІэжыну».

Фигу къэдгъэкІыжьынщ зи гугъу тщІы хьэкІэжхъуэкІагъэр Владикавказ ику дыдэм, «Дружба» кинотеатрымрэ «Глобус» бззэрымрэ я пащхьэм хуэзэ утым, щэкІуэгъуэм и 6-м сыхьэт 14-рэ дакъикъэ 35-м кьызэрыщыхьуар. Маршрутым тет таксир кьызэрагъэуам кьыжьІыну щІыху 12 хэкІуэдащ, щІыху 41-рэ уІэгъэ хъуащ. Іуэхур зэхэзыгъэкІхэм кьызэралъытэмкІэ, тротилым и къарум тещІыхьауэ грамм 500 хъу лагъымыр кьигъэуащ а Іуэхум хэкІуда щІэпхъаджащІэ щІыхубзым.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.



Іэтауэ ягъэльэпІэ

Москва, къралым и щІыналъэхэм я къалащхьэхэм Іэтауэ щагъэльэпІащ 1941 гъэм щыхьэрым и Уэ Плыжьым парад зэрыщекІуэкІр ильэс 67-рэ зэрырикъур.

ДУНЕЙ псом щыщІэрыІуэ щІыпІэм ирикІуа сэлэтхэм епльыну куэд дыдэ кьызэхуэсат, ар зи нэгум щІэкІа нэхъыжьхэмрэ иджырей щІэблэмрэ ящыщу.

Кузнецовым Урысейм кьратыж

Дипломат Кузнецов Владимир Урысейм кьратыж.

ООН-м и кьудамэхэм ящыщ щы и унафэщІу щытар яубыдат, хьэгъэщагъэ зэмылІэужьныгъэхэр илэжьауэ хуагъэфащэри. ПІалъэ кІыхькІэ лъэхъуэщым щаІыигащ, иджы унафэ щытращІыхьын папщІэ Урысейм кьратыж.

ЩІэупщІэшхуэ яІэу

Китайм и Чжухай къалэм къыщыдзэІуахащ дунейм щыгъуэ ни дыдэхэм ящІ авиакосмос салон.

МЫБЫ увыпІэшхуэ щеубыд Урысейм и техникэм. КНР-м и ІэщІагъэлІхэм гулъытэшхуэ къыхуащІ Урысейм и авиацэ, хьэрщ техникэм. Ар къызыхкІри белджьылыщ: дыдейхэр нэхъ пудщ, ауэ я фІагъкІэ зыкІи нэхъ Іейкьым.

Псом хуэмыдэу щІэупщІэшхуэ иІэщ СУ-35 кхъухьлъатэм.

Пекин и мурадщ езым и станц щхьэхуэ хьэршым къыщыдзэригъэпэщыну. АбыкІэ дэІэпыкъуэгъу ищІынур Урысейращ.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Щ1ыкІуэгъуэм и 8, щэбэт

♦Ильэс 65-рэ и пэкІэ (1943) СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и указкІэ «ТекІуэныгъэ» зэш орден нэхъыщхьэр, «Щ1ыхь» сэлэт орденым и ящэ, етІуанэ, ещанэ я нагъыщхэр ягъэуащ.

♦Ильэс 85-рэ и пэкІэ (1923) кьалъхуащ совет дзэзешэ, Совет Союзым и Маршал, 1987 - 1991 гъэхэм СССР-м зыхъумэжьныныгъэмкІэ и министру щыта **Язов Дмитрий.**

♦Ильэс 55-рэ и пэкІэ лІащ урыс тхакІуэ, Нобель и сагъэстым литературэмкІэ и лауреат **Бунин Иван** (1870 - 1953).

♦**Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 54-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 48-м.**

♦**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 54-рэ**

Щ1ыкІуэгъуэм и 9, *тхьэмахуэ*

♦ Фашизмэмрэ антисемитизмэмрэ ящэщІытынымкІэ дунейпсо махуэщ.

♦Ильэс 90 и пэкІэ Германием щыщІидзащ Ноябрь революцэм. Абы ипкъ иткІэ ягъэувауэ щытащ Веймер республикэр.

♦ЩэкІуэгъуэм и 9 - 12-хэм Москва щекІуэкІынущ гулъытхуэ узэмкІэ хирургхэм я XIV урысейпсо съездыр.

♦ Ильэси 190-рэ и пэкІэ кьалъхуащ урыс тхакІуэщхэр **Тургенев Иван** (1818 - 1883).

♦**Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 55-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 47-м.**

♦**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 52-рэ.**

ЩкІуэгъуэм и 10, *блыщхьэ*

♦ ЩэкІуэгъуэм и 10 - 14-хэм Лондон (Индкьлыз) щекІуэкІынущ Дунейпсо тенджыз зэгуэхьэныгъэм и Советым и 101-нэ сессиер.

♦ Автоматэ Іэщэм и конструктор нэхъ Іэзэ дыдэ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, генерал-лейтенант, Социалист Лэжьыгъэм тІуэнейр и ЛЫхьхьэжь **Калашников Михаил** къыщалъхуа махуэщ (1918).

♦ Ильэс 70 и пэкІэ лІащ Тыркум и лъэпкъ лЫхьхьэжь **Мустэфа Кемаль Ататюрк** (1881 - 1938).

♦**Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 58-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 45-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 47-рэ.**

Нэлмэтэр зыхьэхьэхэмрэ ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ ІуэхуитІ

Унэр зейр жьантІакІуэщ.

Бюджет ІэнатІэм пэрытхэм я лэжьапщІэм хущІэгъунущ

Социальнэ лэжьыгъэ Іэуэхуэр зэблагъэкІынымкІэ лъэныкъуиущ зэхэт Къэбэрдей-Балъкъэр комиссэм иджыблагъэ иригъэкІуэкІа Іэуплъэр текУуэу щытащ бюджет Іуэхущ ІапІэхэм я лэжьакІуэхэм улахуэр зэрырат отраслевой ІэмалхэР республикэм зэрыщІэзэграгъуэвэм.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ министрТ**юбеев Альберт** зэІуІэм хэлъэу щытащ. Ащ къыгъэлъэІуащ щыІэм и 1-м щыщІэдзауэ республикэм лэжьапщІэр тынымкІэ отраслевой Іэмалхэр кІыхьэщІагъэсэбэпыну, абы къыпылъытэу лэжьэным зэрытригъэгъэщхэуэр. Министрым зэрыжиІамкІэ, альтандэрэ зытета тариф лэжьапщІэ тыкІэм ныкъусаныгъэ куэд хэлъщ. Псом нэмыц, абы къыпылъытэкъым Іэнатіэ зэмылІэужьныгъэхэм я кІыхьэщхьэхуІныкъуэхэр. Іэнатіэ зэмылІэужьныгъэхэм пэрыт Іэщ Іагъэлі эм, я Іэщ Іагъэмрэ зэрфэкІынымкІэ зэрызэщхьщыкІыр къамылъытыну, къалэжь улахуэр зэхуэдизу хуагъэуІэ. Тэмэмкъым дэтхэнэ зы цІыхуми и лэжьапщІэр абы и лэжьакІэм емылытагъуэ зэрыщытыр. А псори ПэжьыгъэмкІэ кодексым къыгъэуІэхэм ешэгьыркъым.

ЕтІуанэ ныкъусаныгъэщхэу тариф сетхэр къулыкъу пыухыкІакъым ятеущІыхьауэ зэрызэхэгъэщхьэхуІар. НэгъуэщІу жыпІэмэ, дэтхэнэ зы цІыхуми къулыкъу пыухыкІэ гуэр иубыдэ зэкъуэмэ, абы тарифсетхэм къыщыдгъэлъэгъуа улахуэр хуагъэнэ. Мы лэжьапщІэ тыкІэм цІыхур фІыуэ лэжьэнымэ тезыгъэгушхэн нэгъуэщІ Іэмал гуэрэ хэтхыщ.

Отраслевой бгъэдыхьэкІэр зытещІыхьэр цІыхур лэжьапІэм зэрыщыщІэ зэманыбгъэм, атІэ абы зэфІигъэкІыр зыхуэдизыр.

«Системэщ Іэм ипкъ иткІэ, бюджет Іуэхущ ІапІэм и ІапІэмкІэ лэжьапщІэ фондыр тегуэшэнымрэ ешэр зи пашэ Іэнатіэр нэхъ зыхуэныкъуэ Іэщ Іагъэлі эр къэщтэнымкІэ иІэ полномочиехэм хагъэхъуэ, - къыхигъэщхьэхуІащ Тюбеев Альберт. - Абы кьыдэкІуэу, унафэщІым езым и щыхьэкІэ къещтэ къэзрагъэм и пащхьэм къыригъэувэ кьалэнхэр игъэзэщІэн папщІэ зыхуей лэжьакІуэхэм я бжыгъэр зыхуэдизыу щытынум теухуа унафэр».

СистемэщІэм ипкъ иткІэ, нэхъ мащІэ дыдэу ятІэжьапІэр сом 4330-м нагъэсэн хуейщ. Абы кьыдэкІуэу дэтхэнэ Іэнатіэмэ хьэрычэт Іуэхум, нэгъуэщІ лэжьыгъэхэм кьапІэкІуэ зыхьэрыкъуа я цІыхухэм я улахуэр кьалэтын папщІэ кьагъэсэбэн хьунущ. ЛэжьакІуэхэм я бжыгъэр зэрагъэмащІэм кьыхэкІыу зэуэ кІэрагъэхунукъым лэжьапщІэм трагъэкІуэдэн папщІэ бюджетым кьахуиутІыпщ ахъшэм. Апхуэдэу щыщыткІэ, унафэщІым лейуэ кьытІэ цІыхуэхэр ІуигъэкІыу, абы и жьакІэ дэрей лэжьакІуэхэм я ахъшэм яхущІигъэ хьунущ. Ауэ къэзгъэлъэгъапхъэщ дэтхэнэ зы лэжьакІуэм играт улахуэр нэхъ мащІэ дыдэу ягъэува мардэм нэсын зэрыхуейр.

Тюбеев Альберт апхуэдэу жиІащ къэрал Іуэхущ ІапІэм и унафэщІым и лэжьапщІэр адрей лэжьакІуэхэм я улахуэр зыхуэдизым елытагъуэ зэрыщытынур, ар лэжьакІуэ гуп нэхъыщхьэм хиубыдэжэм ику иту къалэжьым хуэдэу щы нэхъыбэ ящІ зэрымыхьынур. «А цІыкІэм тету, унафэщІым и сэбэп хэлъщ лэжьакІуэ гуп нэхъыщхьэм ящІэ нэхъыбэ къыпэжьынымрэ, - жиІащ министрым.

ЛэжьапщІэр тынымкІэ Іэмалыщ Іэр тещІыхьащ Іэщ Іагъэ щхьэхуэхэм ирилажь гуп нэхъыщхьэхэм хиубыдэжэм зэфІагъэкІ лэжьыгъэр зыхуэдизым, абыхэм къулыкъуКІэ къалэнхэм, дэтхэнэми и щІэныгъэмрэ Іэщ Іагъэмрэ. Дэтхэнэ зы лэжьакІуэм ирагъэкІуэн папщІэ гупхэмкІ ятІэжьауэ дэтхэнэ лэжьакІуэ гупхэмкІ ятІэжьауэ дэтхэнэ зы кьалэрыкъэнуэ улахуэр республикэм и Правительствэм зэригъэбелджылам тету. Правительствэм и унафэм къыщыгъэлъэгъуа бжыгъэмрэ профсоюзхэм я рескомхэр арэзы техъуэщ икІи апхуэдэ мардэхэр кьыгъэсэбэнымэ чэнджэщ ираташ администрацэхэм я Іэтащхьэхэмрэ бюджет Іуэхущ ІапІэхэм я унафэщІэмрэ. Дэтхэнэ Іэщ Іагъэмэ хиубыдэ гупхэр игъэбелджылащ икІи къыщташ Урысей Федерацэм Узынышагъэр хьэмэрэкІэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм.

«Да ди мурадщ, - къыщІиІуэжащ Тюбеев Альберт, - районхэм кІуэурэ ЗмалыщІэм тету лэжьапщІэр зэрат щыкІэм кІэлъыплъыну гуп щхьэхуэхэр кьызэдгъэпэщыну».

Щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщІ **Дау Марьянэ** зэрыжиІамкІэ, лэжьапщІэр зэрат Іэмалыщ Іэхэм щэнхабзэм и Іэнатіэм тэмэму щыхуэхуэн папщІэ сом мелуан 15 кьыхуащІамыгъуэ хьунукъым. Арыншагъуэ щэнхабзэм и Іэнатіэм пэрытхэм ику иту къалэжьыр адрей Іэнатіэхэм пэрытхэм къаІэрыхьэм лъэщІыхьэныкъым. «Апхуэдэу щыщыткІэ, мы Іуэхуэр зэхэдгъэкІы, зыкуэдащхьэ зэрыгъэгъэуІэн папщІэ, лэжьапщІэр зэрат Іэмалыщ Іэхэр къэдгъэсэбэну щыщІэдзэну пІалъэр дгъэІэпхъуэмэ мынэхъыфІу пІэрэ? - щІэупщІащ ар.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей**абы и жэуапу жиІащ отраслевой лэжьапщІэ тыкІэм псомэ зэгъусэу хуэкІуэн зэрыхуейр. «Ауэ а лэжьапщІэ тыкІэм дыхуэхэІэ нэужь, къэдмылъытэ Іуэху гуэрхэр кьыкъэжІыу щытмэ, дэ Іэмал имыІэу зыхуэфащэ Іэнатіэхэм я ахъшэм яхущІыдгъэнущ. Абы папщІэ дэ дызыхэзэбэни кьызыхэтхьни диІэщ», - жиІащ Правительствэм и Унафэщ Іым.

Ярин Андрей кьыхигъэщащ бюджет Іэнатіэхэм кьыщагъэсэбэн лэжьапщІэ фондым 2009 гъэм кьриубыдэу процент 15-кІэ зэрыкъуэгъэхуэнр. А щІыкІэм тету, республикэм и бюджет Іэнатіэм щат ахъшэр сом мелард 1,5-м щІигъэкІэ нэхъыбэ хъунущ. А ахъшэр кьызэрагъэпэщащ республикэм безым зэхуихьэх налогхэм я хьэкъкІэ. ЛэжьапщІэр зэрат щыкІэр гъэтхэмэныкъым кьыпэкІуэу кьаІэрыкъэжу ахъшэ псори социальнэ статьякэм хальхьэнущ икІи бюджетым и социальнэ унэтІыныгъэм, я нэхъ мащІэрамэ, иджыри илъэсищкІэ зихъэужьныкъым.

Лъэныкъуищу зэхэт комиссэм и зэІуІэм унафэ кьыщащтащ къэрал, муниципальнэ Іуэхущ ІапІэхэм я лэжьакІуэхэм улахуэ зэрат Іэмалыщ Іэхэр зэтрагъэхьэн папщІэ дэтхэнэ Іэнатіэм хуэдизу дэІэпыкъуныгъэ иратыну КъБР-м и къэрал властым и Іуэхущ Іакіэр органхэм хуагъэувыну, апхуэдэ лэжьыгъэ зэхэпхъэ щІыну муниципальнэ щІыналъэхэм я администрацэхэми чэнджэщ иратыну.

Апхуэдэу КъБР-м и профессиональнэ союзхэм я организацэхэм я зэгугъэныгъэм чэнджэщ ираташ, лэжьапщІэр зэрат щІыкІэр зэрызэрахъэжІыкІ кьыхэкІыу, отраслевой тарифэ зэгурыІуныгъэхэмрэ гупхэм зэращІынІэ зэгурыІуныгъэхэмрэ зэхъуэжьынІэ щІыкІэр кьыхэзэрегъэпэщыну.

МЕЧИЕВ Асхъэт,

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен и унафэкІэ мы гъэм яп дыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъэпІащ хабзэхъуэмэ органхэм я лэжьакІуэу зи кьалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда хабзэхъуэмэхэм я Фэепль махуэр.

ИЛЪЭСИЩ иракъащ Іэщ кІэ зэщІэуэзэда бзаджащІэхэр Налшык кьалэ щыІэ кьаруэхьэ Іэнатіэхэм кьызэрытеуэрэ.

А махуэм и дыгъэпс пщэдджыжьыр фагъуэ щІэхуэкІат Іугъуэ фІыщІэм и гъуэзэш, кьалэм и Іуэхущ ІапІэмрэ зэрыщыкъэшащІэр кьызэпаудат автоматхэмрэ загъымхэмрэ я уэ макъым.

Къэралым и Конституцэ ухуэкІэмрэ хабзэмрэ кьызэпызыудыну хэта Іэщ кІэ зэщІэуэзэда бзаджащІэ гупхэм япэу япэуащ республикэм и хабзэхъуэмэ органхэм я лэжьакІуэхэр, къэрал кІуэцІ, ГьунапкІэхъуэмэ зэрыщыІэ кьулыкъу щхьэхуэхэр.

МахуитІкІэ екІуэкІа зэхэуэм хэкІуэдащ хабзэхъуэм я лэжьакІуэрэ дзэ кьулыкъущІэу 35-рэ, апхуэдэуи блыу мамыру 10. Хабзэхъуэм 95-рэ уІэгъэ хъуащ.

Іэщ кІэ зэщІэуэзэда бандэ гупхэр зэтекъутэным теухуа лэжьыгъэ хэхар щрагъэкІуэкІым кьагъэлъэгъуа лІыгъэмрэ лІыхъужьыгъэмрэ папщІэ къэрал дамыгъэ ІапІэхэр кьыхуагъэфэщащ хабзэхъуэмэ 300-м.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13 - 14-хэм къэхуа гуаэм и уэжькІи дэ тфІокІуэд ди лэжьакІуэ нэхъыфІхэр. Мы илъэсыр кьызэрихъэрэ я лэжьыгъэм гъэрыту хэІуэдэн: УБОП-м и унафэщІ милицэм и полковник КІарэ Анатолий СультІан и къуэр, ОМСН-м и оперуполномоченэ милицэм и лейтенант Рахаев Альберт Хьызыр и къуэр, УБОП-м и оперуполномоченэ милицэм и капитан Нэгъуэй Азэмэт Мухьэмэд и къуэр, Бахьсэн районым щыІэ ОВД-м и гъэзугъэпльыр Іуэхущ ІапІэм и инспекторэу милицэм и капитан Аджий Адмир Толэ и къуэмрэ милицэм и лейтенант ТхьэКІумащІэ Хьэсэн Хьэмидбий и къуэмрэ, а ОВД-м и ПППСМ-м и лэжьакІуэ милицэм и сержант КьанлО Хьусен Билал и къуэр, Іуащхьмэкъуэ районым и ОВД-м и дежи щыІэ, ведомствэм щІэмыт хьумакІуэ къэрал Іуэхущ ІапІэм и лэжьакІуэхэу милицэм и сержант нэхъыжьхэу Сарбашев Магомет Хьэсэн и къуэмрэ Мэжджыхь Арсен Мухьэмэд и къуэмрэ, УБОП-м и оперуполномоченэ милицэм и капитан Сыжажэ Алим Хьэсэн и къуэр. КъБР-м щыІэ МВД-м и лэжьакІуэу 22-рэ уІэгъэ хъуащ.

Нобэ дэ дигу кьыдогъекІыж зи гъащІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мамырыгъэм зэпІэзэрытыгъэм щІэзытахэр.

Дэтхэнэми езым и гъащІэ гъэзэнагъ иІэщ. Ауэ дэ дыэхъуэгъуэ псомэ ди зэхуэдэ гуаэу, насыпыншагъэу унагъуэхэм кьихьуам, ди лэжьэгъуэхэм я фэепль мы кІэудыжьымрэ.

Урысеймрэ КъБР-мрэ я МВД-хэм я унафэщІэхэм сыт щыгъуи ирагъэкІуэкІ зи кьалэн зыгъэзащІэу хэкІуэдахэм я унагъуэхэр социальнэ ІыхьакІуэхэр дыІыгъ. ЕдгъэкІуэкІ Іуэхугъуэхэр кьыддаІыгъ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ.

УФ-м и Правительствэм 2007 гъэм гъатхэпэм и 15-м полномоченнэ милицэм и капитан Сыжажэ Алим Хьэсэн и къуэр. КъБР-м щыІэ МВДм и лэжьакІуэу 22-рэ уІэгъэ хъуащ.

Нобэ дэ дигу кьыдогъекІыж зи гъащІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мамырыгъэмрэ зэпІэзэрытыгъэмрэ щІэзытахэр.

Дэтхэнэми езым и гъащІэ гъэзэнагъ иІэщ. Ауэ дэ дыэхъуэгъуэ псомэ ди зэхуэдэ гуаэу, насыпыншагъэу унагъуэхэм кьихьуам, ди лэжьэгъуэхэм я фэепль мы кІэудыжьымрэ.

Урысеймрэ КъБР-мрэ я МВД-хэм я унафэщІэхэм сыт щыгъуи ирагъэкІуэкІ зи кьалэн зыгъэзащІэу хэкІуэдахэм я унагъуэхэм социальнэ ІыхьакІуэхэр дыІыгъ. ЕдгъэкІуэкІ Іуэхугъуэхэр кьыддаІыгъ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ.

УФ-м и Правительствэм 2007 гъэм гъатхэпэм и 15-м хэр кьахуэщэхунэм.

КъБР-м и Правительствэм и унафэкІэ, фэеплъ махуэм ирихьэлІэу сом мин пщІы-рыпщІкІэ зыщІагъэкъуащ зи кьалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда хабзэхъуэмэхэм я унагъуэхэм.

А Іуэху щхьэпэм хэтащ КъБР-м щыІэ МВД-м и лэжьакІуэхэрэ. Абыхэм я зы махуэ лэжьапщІэр, псори зэхэту сом мин 645-рэ, хэкІуэдахэм я унагъуэхэм хуагъэхьащ.

ХэкІуэда лІыхъужь 12-м я фэеплъыр мыкІуэдыжьыну тхыдэм кьыхэнэнущ - абы хэм я цІэхэр уэрамхэм щыфащащ республикэм и жьлагъуэ 12-м, Бахьсэн кьалэ и курыт еджапІэхэм ящыщ зым зэрехьэ КъБР-м щыІэ МВД-м и ОМСН-м и унафэщІым и хуэдэ, милицэм и подполковник Кьалмыкъ Руслан Аслъэнбий и кьуэм и цІэр, хэкІуэда лэжьакІуэхэу 27-м я цІэр, УФ-м и МВД-м и унафэкІэ, игъащІэкІэ хатхащ КъБР-м щыІэ МВД-м и спискэм.

Налшык кьалэ дэт 4-нэ курыт еджапІэм феплъ пхьэбгу щыхуагъэуващ абы и еджакІуэу щыта, КъБР-м щыІэ МВД-м и тхыдэм щыяпэу Урысейм и ЛІыхъужь цІэр зыфІащауа милицэм и полковник КІарэ Анатолий СультІан и кьуэм, 2008 гъэм щІышылэм и 12-м лІыгъэ кьитъэлъагъуэу зэхуэдам. Налшык дэт милицэ скверым кьыщызэІуахащ зи кьалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда хабзэхъуэмэхэм я щІыкъ аллее.

Си гуапэу кьыхэзгъэщыну хьэпІэу щытыр я адэхэмрэ кьуэшхэмрэ я Іуэхум щІэбгъэщІэн зэрыгащІэр икІи Урысей МВД-м и ЕджапІэхэм зэрыщІэтІысхьэр.

Республикэм щыпсэуэхэм, хэкІуэда ди лэжьэгъуэм я ІыхьакІуэхэм аргуэру зэ жьеІэну сыхуейщ Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэм КІэ министерствэу КъБР-м щыІэм и унафэщІэхэм, хабзэхъуэм органхэмрэ ГьнатІэхэмрэ я жьлагъуэ ІыхьакІуэхэмрэ жьлагъуэ зэпІэзэрытыныгъэр кьызэрагъэпэщын, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЦІыхуэхэм я ІыхьакІуэхэм я щхьэхуэм зыщІэхуэн папщІэ зэхуэдизкІэ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэр нэгъуэщІ гугъуэхьхэмкІэ Іуугащ. Абыхэм я къаурр хуауэнэтІыхь хуей хъуащ дин экстремизмэмрэ терроризмэмрэ апэщІэтІыкІыным и кьалэнхэр ирагъэзащІэ.

1998 гъэм щыщхьэІум и 14-м Хьэсэнэй къуажэм и гъунэгъуу бандэ гуп зэрыщыІэм теуха хьабзэр КъБР-м и МВД-м уголовнэ кьэпсыкъуэгъэныгъэмкІэ и ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм кьэпсыкъуэгъэныгъэмкІэ оперуполномоченэ нэхъыщхьэ хэха зиІэ ІуэхуэхэмкІэ оперуполномоченэ нэхъыщхьэ милицэм и майор Аришин Алексей зыхэт хабзэхъуэмэ гуп. Псори зэпашэ ча хуэдизкІэ.

БзаджащІэхэр зытетынкІэ хъуну Іыгъуэ псори хабзэхъуэмэхэм кьахутащ икІи абы кьыщІэкІащ. Зэуэ Аришин Алексей кьиІэтащ мэзым кІуэцІыкІ гупыр икІи ахэр иубыдым мурадкІэ езым и закъуэ бандитхэм я пащІэуащ. Абы иуклащ бзаджащІэ гупым и пашэ, 1997 гъэм хабзэхъуэмэ органхэм я гъэкІэуІит зарихьам папщІэ федерацэ псом кьыщалъхьуэ Атабиевыр.

Зи пашэр зыІфІэкІуэда бзаджащІэхэм милицэм и лэжьакІуэхэм я ІыхьакІуэхэм я щхьэхуэм щІэтхьэн папщІэ ІыхьакІуэ - щІэныгъэ гуэдзэн зэрызригъэуэтам, еджагъэшхуэу зэрыщытым щыхьэт техуэу документэхэм траха копиехэр, нотариусым и лэжьыгъэ ІэнатІэм щыІэ кадр кьулыкъущІ щІагъбдзэжьу;

7) ирихьэкІ лэжьыгъэхэр зратхэ тхылым траха копиер;

8) граждан кьулыкъум увыныкмІэ, ар ирихьэкІынымкІэ зэран кьыхуэхъун уэнфэ зэрыпхьыгъэм теуха документыр (формэ №086/у).

Конкурсыр 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м сыхьэти 10-м щрагъэкІуэкІ мы адресымкІэ: 360000, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 55, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и унэ, пэш №112 (конкурсым хэтхэр зэрыщІыхьэну тхылъхэр зэрыгъэхъэщІэнущ.

ШУКАЙ Зубер,

КъБР-м щыІэ МВД-м и криминальнэ милицэм уголовнэ кьэпсыкъуэныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІ милицэм и полковник.

Псоми я фейдэ зыхэль

Ди газетым зэрытетащи, иджыблагъэ «Синдика-Интур» хьэщІэщым щекІуэкІащ «Кавказ Ищхьэрэ» Ассоциацэм и Зэзэгъыныгъэм и зэІуІэ.

АБЫ КЪРИХЬЭЛІАЩ Ассоциацэм хэт республикэхэм, крайхэм, областхэм я министерствэхэм, туризмэмкІэ я министерствэхэм, департаментхэм, управленэхэм я унафэщІхэмрэ Іэщ Іагъэлі эхэмрэ.

Зэ Іуащ и пэ кьихуэу хьэщІэхэр «Кхъужьей хадэ», «Маяк» санаторэхэм щыІащ, абы хэм я щытыкІэм, я лэжьэкІэм зыхагъэсэгъуэзащ, зыщІыщІэгъэпсэхуэм яхуэзащ.

Красно дар куейм к уроргъэмрэ туризмэмрэ зыщІегъэ ужьныныкІэ и департаментым и Іэтащхьэ, зэзэгъэ Іуэхуэм и нэхъыжь **Пожидаев Юрий** зэхьэхэр кьыззэІуиха нэужь, кьыззэхуэсахэм фІэхьус псальэкІэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и ятІэ хуэдизу **Тхьэзэпльыкъ Муратрэ** «Кавказ Ищхьэрэ» Ассоциацэм и Гъэзэщ Іакіэр комитетым и унафэщІ **Тепляков Александрэ**.

Урысейм и Ипщэ щыІапльэм туристзыгъэпсэхуп Іуэхуащ Іапльэм зыщІегъэжьыным теухуа проектхэр зэрагъэзащІэр зэпкьрихьыу зэхьэхьэм ятІэ кьыщыпсалъэ Пожидаев Юрий. Абы и псальэм кьызэщІригъэубыдащ 2007 гъэм Ассоциацэм и Іэжьыгъэр зыхуэдар, щыІапльэхэм щызэфІэгъэкІа хьуаэр, зрагъэхьэщІ и мурадхэр.

КьыкьэлъыкІуэ КъБР-м и курортхэмрэ туризмэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Романов Еленэ** уэрыкъу кьырплъхьащ республикэм и зыгъэпсэхупІэхэм зэрызэужьныгъэ щыкІэр.

Абы кьызэригъэльэгъуамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэщ цІыхум зыщІигъэпсэхуну, и уэзыщагъэр щригъэфІэкІуэн щыІп ГьуэзэждзэгъэщыкІуэ. Апхуэдэу «Іуащхьмахуэ льапэ», «Налшык» курортым и санаторэхэмрэ и зыгъэпсэхупІэхэмрэ зегъэужьыкъым хуэгъэзащІэ. Абы и Іэнатіэм, я лэжьакІуэхэр зэкъуэгъэсэбэнымрэ, - кьиІэльэгъуащ Романовым.

Щыізэхьхьа Іуэхуэгъуэхэр зэпкьрихьа кьуэхъуэгъэщІэн папщІэ, абыхэм я ІыхьакІуэхэм я ІыхьакІуэ - ІыхьакІуэ Іуэхуэ щІэзыгъэщІэн папщІэ, Іуащхьмахуэ льапэ и зыгъэпсэхупІэ щыпІэхэм зегъэужьыным ІэнатІэ щыІэ Романовым.

Щыізэхьхьа Іуэхуэгъуэхэр зэпкьрихьа нэужь, абыхэм я ІыхьакІуэхэм я ІыхьакІуэ - ІыхьакІуэ щрагъэкІуэкІ. Абы и

Іуащхьэмахуэ - Килиманджарэ - Китай блын

Реконструкциэмрэ Зыужьыныгъэмкіэ Мэзкуу и банкым и вице-президент, УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт Жэман Ахьмэд Пекин щекіуэкіа XXIX гъэмахуэ Олимп Джэгухэм щыІащ. Ар зэхьэзэхуэхэм ельэ къудейкьым, атІэ Китаим и щыхьэрым щыщхьэІум щекіуэкіа Іуэхугъуэ гъэщІэгъуэхэмэм хэтащ. Нобэ фи пащхьэ идольхьэ журналист Мэзыкъуэ Тэзал Жэман Ахьмэд дригъэкІуэкІа псалъэмакьыр.

- Ахьмэд, Пекин щекіуэкіа Олимпиадэр дауэ кьыпщыхьуа?

- Хуабжьу сигу ирихьащ. Си закъуэкьым зигу ирихьар. Прессэм и пэжькіэкІуэхэм хьэщІэхэри Китаим Олимпиадэр кьыхэщІыкІыжа щыкІэм икъуэкІэ итхъэкъуат Гу лъмыгтэу кьанэрэхьым дэнэкІи китай щэнхабзэр кьыз эрыхэщым, псори зэгъэкІуауэ, хьэщІэхэр зыхуэй-зыхуэфІхэмкІэ нэхъыфІу кьыз эрыщытым. Олимпиадэм и спорт Іыхьэр икъуакІэ дахэу кьыз эрагъэпэщащ икІи спортсменхэм екъуІэныгъэщхуэхэр зыІэрагъэхьащ. Абы и щыхьэтщ Пекин щагъэуба Олимп, дунейпсо рекордпщІы бжыгъэхэр. Сыт хуэдэ кьэралым щыщми, цыхьфым ягъэлапІэрттекІуэныгъэ кьэзыхуа спортсменхэр, Іэгуауэщхэр зэ ялэтэу.

- Уэ сыт хуэдэ зэхьэзэхуэ хэм уакІэлъыплъыфа?

- Стадион нэхъыщхьэм сису сыхьэтиплым и кІуэцІкІэ атлетикэ псынщІэмкІэ зэхьэзэхуэхэм сеплъащ. Си нэгу кьыслъущІэгъэхьэртэкьым ахэр апхуэдизу узыІэпызышъу, гъэщІэгъуэну екІуэкІыу. Сигу кьынэжаехэм ящыщщ цІыхухэр метр 200-кІэ кьыщыздэжар. Абы дунейпсо рекордщигъэуващ, и хьэрхуэрэгъуэм куэдкІэ ялэ ищ, Ямайкэ щыщ спортсмен Болт ГъэщІэгъуэнракъэ, ар кьыщыхьэ уар щІалэр кьыщалъхуа махуэрщ. Зэхьэзэхуэм кьеКІуэлІаехэм ар Іэтауэ ягъэльэпІащ. Лъэпкъ зэхуэмыдэхэм хуэзэ гупсысэхэр уи гум кьихьэрэт?

- Китайм щыпІэ дахэхэр щыкъуэдщ. Пекин и закъуэ дэтхэр маэмэ и кІуэцІкІэ кьызэ эпкІуэхьыфын кьудейщ. Ди программэр апхуэдизкІэ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ гъэнщІати, зыпплъыхьакІуэ Дзкіуэн зэман мащІэ дыдэт диІэр. УбгъэкІынкІэ Іэмал зимыІэ щыпІэ зыбжанэм сыфхутепсэлъыхьынщ. Тяньанмэнь утым, дуней псом щынэхь ин дыдэм, зэгъэсу щыху зы мелуаным щигъу ІоХуэр.

Китай блынщ. Ар ди эрэр кьэунэхуным ильэс 200 иІэу ухуэн щІадзащ ауэ нэхъ лэжьыгъэшхуэ щрагъэкІуэкІар 14-17 лІэщІыгъуэхэрщ. Нобэ а бльным Китаим и бюджетым кьыхуехь юань мелуанэрэ. Бльным льэсу дэкІуеину щхьэххэр дакъикьиблым и кІуэцІкІэ дэзышеІэмэпсымэ щыІэщ.

Си гуапэу си нэгу кьыщІэзгъэхьэжырт Кавказ Ищхьэрэм ис ди къуэлъэпкъхэм я спортсменхэм я текІуэныгъэ хэр. Псом хуэмыдэу сышыгу фІыкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ди щІалэ Хъущт Асльэнбэч и дыщэ медалым, Шэщэным щыщхэу щэнейрэ Олимп чемпион хьуа Сайтиев Бувайсаррэ Альбиев Исламбекрэ, Ингушым щыщ Манкиев Назыр, Дагыстэным щыщхэу Батиров Мавлетрэ Мурадов Ширванирэ.

- Іуащхьэмахуэрэ Килиманджарэрэ удэжащ, ныжы Китай блынымкІэ ухьэхьажащ. А къэралым щыплъэгъуахэр, дауи, уэ куэдрэ пшыгъупщэнукьым...

- Пекин дэтщ дуней псом щынэхь ин дыдэ аэропортыр, просперт, уэрам, ГъуэгУ зэхэкІыпІэ гъуэззджэхэр. Кьалэм дэщІ лъагэу эзтет унэхэр, ауэ абыхэм экьадэкІуэу, жыг щхьэ антІаръэхэр куэду щыІэщ. Іэдэ мыкьхэмрэ эмІэ-эмІэ щыкІуэхэри хуэсакьыпІэу яхьумэ. Китаймэ и гъуэгухэм кьыщыхьу насыпныщІаръэхэр мащІэ дыдэщ. Кьэралым псынщІэу зеужь, абы кьыдэжІуэуи и льэпкъ хабзэхэр зэримыгъэкІуэдыным нужь итщ. ПщІэ льагэ зыхуащІхэм ящыщщ гъэсэныгъэр, щІэныгъэр, узыншэу щытыныр, къэхутэныгъэщІэхэр егъэкІуэкІыныр.

- Олимпиадэм теухуа псалъэмакьхэм иджыри куэдрэ къытрагъэзэжыкьуащ. Уэ сыт зэхьэзэхуэхэм ящыщу унгу нэхъ кьинэжар?

- Сэ сльэгъуащ спортсмен гъуэзэджэ Фелпс Майкл, китай, инджылыз, нэмыцэ спортсменхэм я рекордхэмрэ текІуэныгъэхэмрэ. Зыужьыныгъэщхуэ зыгъуэта а къэралхэм я спортсменхэм зэфІэкІыщхуэгъэ яІэщ. Спортсменхэр зэрагъэхьэзыр программэхэри нэхъ ефІэкІуащ икІи абы екъуІэныгъэхэр кьахуэхь.

Ди спортсменхэм ящыщу сэ сигу ирихьащ Саранск щыщщу Борчин Валерийрэ Каницынэ Ольгэрэ я текІуэныгъэр. Сильнов е Моисеев сымэ я дыщэ медалхэр щэ! «Бзу абгъуэм» и гупэм кьыт утыкум щыфІэдза экранышхуэм зыбжанэрэ кьигъэлъэгъуэжащ Исинбаевэ Еленэ сантиметр 505-рэ хьуЛьагапІэр кьызэрищтэр. АпхуэдизкІэ куэдыкІейщ икІи гумаякъуэ щІэщІэщ.

- Спорт и лъэныкьуэкІэ Олимпиадэр хьэлэмэт дыдэ хьуащ, Куэдкіэ кьыкІэрыхуакьым Олимп Джэгуэр кьызэІухьи-зэхуэщІыжыным ехьэлІа Іуэхугъуэхэри. Абыхэм тхуатепсэлъыхьыт.

- Сэ Олимпиадэр щызэхуащІыжым срихьэлІащ. Ар кьитай щэнхабзэр дэнэкІи кьызыхэщ спектакльфІым хуэдэт. ЗэкІуэдакьым ильэс зыбжанэкІэ ар гъэхьэзырным зэрелІэлар. Дунейпсо Олимп комитетым и Президент Роге Жак стадионым ис псоми я гум кьипсэльыкІ хуэдэ фІыщІэ яхуищащ китай лъэпкъым. Дэри стадионым дыкьикІыжа кІуэж, кьыхэдэзащ 1980 гъэм Олимпиадэр щызэхуащІыжым жаІауэ щыта уэрэдыр.

- Ахьмэд, фІыщІэ пхузощІ хьыбар гъэщІэгъуэн кьызэрытхуэпІуэтэжам папщІэ.

- Упсэу.

● Ди лъахэгъуэр

Жэман Ахьмэд Китай блыным и деж щыту

● Гъэпсыгъуэныгъэхэр



ТхакІуэм и фэеплъу

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и библиотекэм щылажьэхэм кьызэрагъэпэщащ тхакІуэ, усакІуэ, драматург гъуэзэджэ, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу щыта Іутім Борис и фэеплъ тыкІ гъэлъэгъуэныгъэ, «ГъащІэр кьызэринкІри, щІыхугъэм кьинащ» зыфІащар.

КъБКъУ-м и библиотекэм щІэныгъэ-техникэ информацэмкІэ и къудамэм и унафащІ Борэн Мадинэ щыгъуэзэ дызэриІущІамкІэ, библиотекэм щылажьэ ящыхьэуащ апхуэдизкІэ щыхьэ гъэщІэгъуэныр, адыгэлІ нэсыр зэуэзэпсэу зэрытхэкІыж жар. Университетым студентхэр щеджэ и пэш №1-м утыку кьыщрахьащ Борис папщІэ ятхаехэр, журналхэм, газетхэм абы теухуауэ кьытехуахэм щыщхэр, абы и ІэдакъэщІэкІхэр.

- Студентхэми, егъэджакІуэхэми, абы щыхьэ дэтхэнэ зыми фІэгъэщІэгъуэнщ а гъэпсыгъуэныгъэ, - кьыджриІащ Мадинэ. - Борис дунейм зэрехьэжам имыгъэнэщхьеи, ар гукІи пэжкІи эпхуэду щыта университетми нэгъуэщІ Іуэхущ Іапіэхэми кьыщыбгъуэтыну си фІэщ хьуркьым. Абы щхьэкІэ си гугъащ Іутім щыи и тхыгъэхэр я нэгу кьыщІэзыгъэхьэж, абы и ІэдакъэщІэкІхэр щІаджькІыным кьыхуэзыщІэ гъэлъэгъуэныгъэр кьызэрызэдгъэпэщащ и чэзу дыдэу.

Апхуэдизу Мадинэ и гуапэу и гугъу ещІ Борис щыхуэзауэ щытахэм абы дилъэгъуэ щхьэгъэшхуэмрэ и гушыІэкІэ дахэмрэ. Щэч хэлъкьым тхакІуэр апхуэдизу зигу кьинжакъэр зэрымымащІэм.

ИСТЕПАН Залинэ.

Композитор цІэрыІуэхэм хухахауэ

БАЛЪКЪЭР усакІуэ Мечиев Кязим и цІэр зэрихьэу Налшык дэт щІалэгъуалэ библиотекэм сытым дежи цІыху куэд кьокІуаІІэ. Абыхэм я нэхъыбэр щэнхабзэм, гъэдэхэм я лэжьакІуэхэщ, е тхыпхъэфІыуэ зыльагъу цІыхухэщ. Ахэр щІэщІыгъуэ гъэркІэ зэрагъэгуфІэным, зэІущІэ зэхуэмыдэхэр кьызэрагъэпэщыным сытым дежи яужь итщ библиотекэм гъуэзджэмкІэ и кьудамэм и лэжьакІуэхэр. Абыхэм ящыщ зыщ иджыблагъэ утыку кьрахьа гъэлъэгъуэныгъэхэр: франджы композитор Бизе Жорж кьызэралъхуэр илъэси 170-рэ, композитор цІэрыІуэ Верди Джузеппе - илъэси 195-рэ зэрыхьум ирихьэлІэу кьызэІуахэ тхылъ гъэлъэгъуэныгъэхэм зрагъэхьэлІэфынущ ар зыфІэгъэщІэгъуэнхэм. Композиторхэм ятеухуа тхыгъэхэр иту зэманкІэ зэхуэмыдэхэм дунейм кьытехьа тхылъхэр, журналхэр, газетхэр, макъуэхэр зыпет пластинкэхэр зэуІу ящІащ илъэс куэд ІьандэрэІ библиотекэм щылажьэ, зи ІэщІагъэм фІыуэ хэзыщІкІ Бекъул Ларисэрэ Погожевэ Тамарэрэ.

ЩИХЪ Болт.

● Дифі догъэлъапІэ

И къалэмыр ІэщІэмыужэгъуэну



ТІажь Петр, Х[illegible]ыкъарэ ТІалэ сымэ. Ж[illegible]лэт зэи ІэщІэ хьуакІэ фІыуэ ильагъу адыгэ газетым. Хэбгъэхьымэ, ар фІыуэ яригъэІэтыжащ ешы и ныбжьэгъу, и ныбжьэгъу, и благъэ куэдми.

Сокъуар ди газетым апхуэдизу щІыпэгъунэгъуэм и етІуанэ щхьэусыгъуэр «Адыгэ псалъэм» ильэс куэдкІэ щылэжьа, зи бзэри дунейтыкІэрэ дахэ Уэздджэр Тамарэ зэрищхьэгъуэгъэ арагъэнуц. Тамарэ корректор Іэзэт, зэджам щыуагъэ кьыхэгъуэтэжкІыгъуейуэ.

ИщхьэкІэ кьызэрыщызгъэтлъэгъауащи, ар газетым зи пэжкьыякъым: и лэжьапІэ нэхъыщхьэр щытар КъБАССР-м и Министрэм я Советым и деж къэрал щэхуэхэр хьэмэнымкІэ щыІа Іуэхущ ІапІэрэщ. ЗэрыгурыІуэгъэщІи, махуэ кьэс кьыпхэтт, газетым щекІуэкІхэм фІыуэ щыгъуазэт.

Мис апхуэдэ цІыхущ зи ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъуар дгъэлъапІэ Сокъур Жамболэт. Ауэ ди псалъэр ныкъуэ хьунт дэ абыр Тамарэрэ я щІэблэм дытемыпсэлъыхьамэ. Шэч хэлъкьым фэ абыхэм я цІэхэр зэрызэхэфхам. Зи гугъу тщІыр зэщхьгъусэхэм зэпхуэу Анжелэрэ я пхъурылъху Данэрщ. Анжелэ ящыщщ адыгэ пшынэр дуейпсо утыкум изыкъахэм. Ар зэпеуэ куэдым пашэ щыхьуаІ. Ауэ абыи щхьэпрыкІыжауэ жыпІэ хьунущ ипхъу Кьардэн Данэ. А щІащэр, зи гур адыгэ пшынэм етар, зыхэта зэпеуэхэм ящыщ куэдым бжьыпэр щиубыдащ. Кьэдгъэлъэгъэнщ зыбжанэ: Санкт-Петербург щекІуэкІа зэпеуэм етІуанэ увыпІэр, Мэхьэчкьалэ - япэр, Болгариеми япэ увыпІэр кьызэрыщихьар.

Апхуэдэ кьуэкІ иІэщ нобэ жыджэру кьыщІалажьэ ди ныбжьэгъу Сокъур Жамболэт.

Сыт щыгъуи фІыщ хьэрэмыгъэнщ, гуапагъэр зи нэгум кьищ щІыхьэ уГущІэну. Ди ныбжьэгъуфІым до- хьуэхьу узыншэу, мураду ищІыр кьыдэхьуу илъэс куэдкІэ пеуэну. Дэ дыкуейщ ар ди редакцэм дяпэкІи куэдрэ щытыр, тхыгъэ купщІафІэхэр кьытхуихьуну.

ШАЛ Мухьэмэд.

Гулъытэншэ ящІынукъым

УФ-м и ФСБ-м, УФ-м и МЧС-м я Іуэхущапіэу КъБР-м щыІэхэм и лэжьакІуэхэм ирагъэкІуэкІ псапащІэ Іуэхугъэхэм япкь иткІэ, иджыблагъэ щыащ куэд щІауэ я нэІэ зытет, Кременчуг-Конст антиновск э кьыдаем зэт, сабий зеиншэхэмрэ зи адэ-анэ зыкІэлъыплъыхьэмрэ щапІ республикэ интернат-школым.

ФСБ-мрэ МЧС-мрэ я лэжьакІуэхэм я дэІэпыкъуныгъэ хуэныкьуэт ильэсибл фІэкІа мыхьу, зи гур операцэ ящІын хуейуэ я кьызыльыкьуэкІа Захаров Сережэ.

ХьэщІэхэр интернатым щебгъэсам Сережэ цыкІу сурэт ищІу щысти, ягъэпІейтейуэ фІэфІтэкъым. Н эхъ кьищтэрт и ныбжьэгъуэхэм я гъусэу хуабжьу дэзыхьэх Іуэхум трысынкІэ.

Сережэ кьеуэ псоми нэмышІкІэ, и гуми сэкъат иІэу гъэсакІуэхэм кьыщащІар Бакулевым и цІэр зэрихьэу Москва дэт щІэныгъэ центрым и кардиохирургхэр ди республикэм кьэжьауэ нэужьщ. Апхуэдэ уэхуфэ зиІэу юаахуэ сабий 58-м яхэсащ Сережи.

«ЩІалэ цыкІур эзрагъэхьужным текІуэдэну мыпкъуэкъэралым кьритми, Москва зэрыкІуэну, абы зэрыщІыпсэну ахъшэр дэ ди пщэм кьыдэхуащ, - жаІащ интернатым щылажьэхэм. - Абыкіэ зы кьыптщІэзыгъэкьуэну жэрдэм зыщІа Іуэхущапіэхэм я лэжьакІуэхэм фІыщІэ ин яхудощІ».

Псапащ Іуэхум и жэрдэмщІакІуэхэм кьыхагъэщащ я нэІэ щІэт сабийхэр зэи гулъытэншэ зэрамыщІынур.

ТАУ Аленэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Сабий зеиншэм едыгъуащ

ПРОХЛАДНЭ кьалэм и прокуратурэм иджыблагъэ кьиныщІащ сабий зеиншэм, адэ-анэм ямыпІыж сабийхэм я хуитныгъэхэр зыхьэмыш теухуа законодательствэр зэрагъэзащІэр.

Экономикэм ехьэІа щІэпхьаджагъэхэр зылэжьхэм ебэнынымкІэ милицием и Інатіэм и лэжьакІуэхэр ящІыгъуу, кьэщыгъэныгъэхэр щрагъэжІуэкІыж нэрылъагъу кьащІащ сабий зеиншэм едыгъуэжэр зэрыщІыр. Кьапщтэжэ, опекэмрэ попечительствомкІэ Інатіэм кьыщыщІагъэщащ балигъ мыхьэ хьыджэбз цІыкІур зи жьауэм ІэтІ щІыхьхьэм а сабийм папщІэ кьыІихьа сом 2600-р езым и щхьэ Іуэхукіэ Іэзэгъэнэгъэсэбзар.

КьэщщІэныгъэм кьрикІуаэхэм япкъ иткІэ, къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ къудамэр Прохладнэ кьаІэм щІэм следствиемкІэ и управленэм уголовнэ Іуэху кьызэІуихащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іанэ.

● Махуэгъэпс

Дызэрыт мазэм



ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 7-м

♦ 1917 гъэм Октябрь революцэр къэхуащ.

♦ Зыгъуэгъэныгъэмрэ ЗэкІуэжьныгъэмрэ я махуэщ.

♦ Илъэс 80 и пэкІэ (1928) Акъбащ ГЭС-р лажьэу яІутІащ.

♦ 1941 гъэм Москва и Ут Плъыжьым СССР-м и Дзэ Плъыжьым и парад щекІуэкІащ. Абы хэтэхэр а махуэм зашІэуэн зауэм Іухащ.

♦ И ныбжьыр илъэс 80 ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и механизатор **Хъуран Мухьэб.**

♦ И ныбжьыр илъэс 70 ирокъу усакІуэ, жыпІагъуэ лэжьакІуэ **Джэдгъэф Борис.**

♦ 1939 гъэм къалъхуащ Адыгэ Республикэм и яп президент, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик **Джарым Аслъэн.**

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 8-м

♦ 1917 гъэм Советхэм я Урысейпсо съездым кьыщащтащ мамырыгъэм, щым ятеухуа декретхэр, зэхьэзэрагъэпэщащ ЩЫКІУЭ Комиссархэм я Совет, Ленин В.И. и пашэу.

♦ 1882 гъэм къалъхуащ адыгэ усакІуэ нэхъыжьхэм ящыщ **Хьэхъупащ Амырхан.** 1972 гъэм дунейм екъжащ.

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 9-м

♦ 1918 гъэм **Къатхъэн Назир** и дэм зэтриыкъутащ пащтыхь генерал **Мистулов** и дзэр.

♦ 1941 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм и цІыхубэ сурэтыщІ, Красноярск щыІэ художественнэ институтым и профессор, РАХ-м и член-корреспондент, ЩІДАА-м и академик **Пащты Германи.**

♦ **ФІагъым и дунейпсо махуэщ**

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 10-м

♦ 1741 гъэм адыгэпщІ **Черкасский Алексей** Урысейм и канцлер ягъэуващ.

♦ 1982 гъэм Брежнев Л.И. дунейм екъжащ.

♦ Илъэси 120-рэ ирокъу Социалист Лэжьыгъэм щэнейрэ и ЛІыхъужь, Ленин саугъэтымрэ СССР-м и Къэрал саугъэтымрэ (гхэнейр) я лауреат, генерал-полковник, академик, авиаконструктор **Туполев Андрей.**

1972 гъэм дунейм екъжащ.

♦ **ЩІалэгъуалэм и дунейпсо махуэщ**

♦ **Мылищм и махуэщ**

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 11-м

♦ Илъэси 100 ирокъу Бэракъ Плъыжь ордену тху зыхуагъэфэща, полковник **Шемякин (Кьэрэзэн) Михаил** къызэралъхьэ.

♦ И ныбжьыр илъэс 50 ирокъу филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къэмбэчокъуэ Іэдэм.**

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 12-м

♦ 1472 гъэм къащтащ Урысейм щхьитІ зыфІэт и Гербыр.

♦ 1936 гъэм къалъхуащ КъБР-м щыІэ зиІэ и артистхэм, пианисткэ Іэзэу щыта **Бэрсокъуэ Елене.** 2005 гъэм дунейм екъжащ.

♦ **Урысейм и банк лэжьакІуэхэм я махуэщ**

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 13-м

♦ 1851 гъэм Москвэрэ Санкт-Петербургрэ зэпызыщІэ Николаевскэ (иджы Октябрьскэ) гъуэгуанэ ятащ.

♦ 1920 гъэм къалъхуащ Адыгэ Республикэм и цІыхубэ сурэтыщІ, Адыгэ Республикэм и Гербыр зыщІа **Мерзтыкъуэ Долэт.**

♦ **Нэфхэм я дунейпсо махуэщ**

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 14-м

♦ 1851 гъэм Санкт-Петербург щыщІащІэм фІы дыдэу зыкъыгъэлъэгъуащ.

ЖЫЛАСэ Замир.

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 7-м

♦ 1917 гъэм Октябрь революцэр къэхуащ.

♦ Зыгъуэгъэныгъэмрэ ЗэкІуэжьныгъэмрэ я махуэщ.

♦ Илъэс 80 и пэкІэ (1928) Акъбащ ГЭС-р лажьэу яІутІащ.

♦ 1941 гъэм Москва и Ут Плъыжьым СССР-м и Дзэ Плъыжьым и парад щекІуэкІащ. Абы хэтэхэр а махуэм зашІэуэн зауэм Іухащ.

♦ И ныбжьыр илъэс 80 ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и механизатор **Хъуран Мухьэб.**

♦ И ныбжьыр илъэс 70 ирокъу усакІуэ, жыпІагъуэ лэжьакІуэ **Джэдгъэф Борис.**

♦ 1939 гъэм къалъхуащ Адыгэ Республикэм и яп президент, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик **Джарым Аслъэн.**

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 15-м

♦1764 гъэм кьызэрагъэпэщащ Урысейм Художествэхэмкіэ и академиер.

♦1934 гъэм СССР-м я пэмакъзи гъуэз телевиденэ ятепІэхэм щыщІадзащ.

♦1937 гъэм къалъхуащ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор, ЩІДАА-м и член-корреспондент, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щыІэ зиІэ и лэжьакІуэ **Хьэпыр Юрий.**

♦Актрисэ **Мэкъуауэ ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Журналисткэ Іэзэ **Ширдий Марин** ящыщ къыщалъхуа махуэщ.

♦**Дзэм яІэ ныбжьыщІэм и дунейпсо махуэщ**

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 16-м

♦ И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щокъаэр Хьэсэнбий.**

♦1957 гъэм къалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, уэрэджьІакІуэ цІэрыІуэ **Батыр Мухьэдин.**

♦**Бзэгъачагьм и дунейпсо махуэщ**

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 17-м

♦1920 гъэм Бгырыс АССР-р къызэрагъэпэщащ.

♦ **Студентхэм я дунейпсо махуэщ**

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 18-м

♦1866 гъэм Къэбэрдейм мэкъумэщІэхэр ящыщІыпІэм щрагъэкІащ.

♦Илъэс 80 ирокъу тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тыгъуэн Рэшад** къызэралъхуэр. 2002 гъэм дунейм екъжащ.

♦И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеймі, Кубанми ГъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, композитор **Нэхей Асльэн.**

♦**Тутын емыфэным и дунейпсо махуэщ**

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 19-р

♦**Ракетэдзэмрэ артиллериемрэ я махуэщ**

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 20-м

♦1480 гъэм Урысейм тэтэр-монгол тепщэныгъэр щиухащ.

♦1999 гъэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артист» и цІэр ягъэуващ.

♦**Сабийм и дунейпсо махуэщ**

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 21-р

♦**Хъуэхъум и дунейпсо махуэщ**

♦**Телевиденэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм и налог органхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ**

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 22-м



♦ 1940 гъэм къалъхуащ физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **ЩІыбзыхьуэ Азэмэт.**

♦И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и артист **Иуан Владимир.**

♦И ныбжьыр илъэс 60 ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артист **Ало Арсен.**

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 23-м

♦1794 гъэм къалъхуащ адыгэ еджагъэщхуэ, тхыдэтх, филолог, узэщІакІуэ ин **Нэгумэ Шорэ.** 1844 гъэм дунейм екъжащ.

♦1920 гъэм къалъхуащ адыгэ усакІуэ, зауэлІ, эдэхэкІакІуэ, щІэныгъэлІ **КІуащ БетІал.** 1957 гъэм дунейм екъжащ.

♦1947 гъэм къалъхуащ усакІуэ цІэрыІуэ, журналист **Уэрэсей Афлик.**

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 24-м

♦1956 гъэм КПСС-м и ЦК-м балъкъэр, къэрэшей, кьалмыкъ, ингуш, щэшэн лъэпкъхэм я автономиер зэфІэгъэувэжьным теухуауэ унафэ кьищтащ.

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 25-м

♦1339 гъэм Москва Кремлым и блынэр хуэгъэщІадзащ.

♦1741 гъэм адыгэпщІ **Черкасский Алексей** и пщэ иралъхьат **Петр Іипхъу Елизаветэ** император кьудыкьым зэрыпэрыувэну манифестымрэ абы ищІыну тхъэрыІуэмрэ зэхилъхьэну.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **Къэмбэчокъуэ ФатІимэ** къыщалъхуащ.

ЩЫКІУЭГЪЭУМи 26-м

♦1769 гъэм Урысейм щагъэуващ Георгий жорыр, Георгий щихьым и орденыр.

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 28-м

♦1943 гъэм **Сталин, Рузвельт, Черчилль** сымэ зыхэт Тегеран конференцым и лэжьыгъэм щІидзащ, щнухар дыгъэгъэзэм и 1-рщ

♦1939 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист, хормейстер **Бицу Юрий.**

♦Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артисткэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артисткэ **Шортэн Аллэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и юрист, къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, политик **ДыщэкІ Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.

ЩЫКІУЭГЪЭУМ и 29-м

♦1917 гъэм **ЩагъуэНурийрэ Дым Іуэмрэ**«Адыгэ макъ» газетым и яп номерыр Бахъсэн къыщыдагъэкІащ.

♦И ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и ухуакІуэ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, генерал-лейтенант **Хьэмэтуокъу Руслан.**

ЩЫКІУЭГЪЭУМи 30-м

♦1571 гъэм Къэбэрдей пщы узлий, Гуапэнэ (Марие) и адэ Идар Темрыкьуэ дунейм екъжащ.

МЫ МАЗЭМ:

♦1918 гъэм Дзэ Плъыжьым Налшык «хуэхьэм» кьыІэщІахьащ

♦1918 гъэм Гэрч щІыналъэм ис лъэпкъэм я сьезд зэхэтащ

Зыгъэхьэзырар

УЭРЫШІ Нурхьэлийщ.

● Футбол

Гъуэщокъуэр командэ кьыхэхам ираджэ

ДЫГЪГАЗЭМ и 6 - 15-хэм Урысей Федерацэм футболымкІэ и ныбжьыщІэ командэ кьыхэхам Сочи зыщигъэсэнущ.

Командэм и тренер нэхъыщхьэ Талалаев Андрей зэрыжиІамкІэ, абы кьрагъэблагъащ мы гъэм джэгун щІэзыдза, зэфІэкІ кьэзыгъэльэгъуа футболистхэри нэхъапэм командэ кьыхэхам щыдэгухэри. Сочи ныбжьэгъуныгъэ зэІущІэхэр щрагъэкІыныщ футболистхэм я Іэзэгыр здынэсри кьихутэн папщІэ.

Пчерыр-лигэм, япэ дивизионым щыджэгу футболист ныбжьыщІэ нэхъыфІхэр зраджа командэм хэтщ «Спартак-Налшыкым» и гуащІэхэр Гъуэщокъуэ Арсен, Къэбэрдей-Балъкъэрым и футбол командэ нэхъыщхьэм зэрыщыджэгурэ куэд мыщІами, щІалэщІэм фІы дыдэу зыкъыгъэльэгъуащ.

ЖЫЛАСэ Замир.

Гогуа фэбжь егъуэт

ИДЖЫБЛАГЪЭ хьыбар кьызэрытІэрыхьамкІэ, «Спартак-Налшыкым» и гуащІэхэм ныкъуэ Гогитэ нужьрей тренировкэхэм я куэпкъ ижьыр щигъэузыжри, игъэта фэбжьым кьыхэкІыу, чемпионатыр и кІэм нэс джэгуфынукьым. Кьэдгъэльэгъэнщи, «Спартак-Налшыкыр» -Томым- щыдэджэгуам щыгъуи Гогуа ди командэм хэтакъым.

Апхуэдэуи хьыбар щыІэщ Биткъу Тимур Налшык и командэм хэту иджыпсту зигъасэу, ауэ ар ди топджэгуэм кьахьыхэжьынымэ теухуауэ зыгъэр жьыпІэну зэкІэ пасэщ: гъуащхьэкъумэ щІалэр зэман кІыхькІэ топ джэгуакьым. Иджыпсту тренерэр абы кІэльопльэ.

ХЪЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● ТекІуэныгъэ

Рекорд егъуэв

Къэрэшей-Шэрджэсым щыгъажэ кІыхьымкІэ (км 120-рэ) щекІуэкІа зэхьэзэхуэм Урысей Федерацэм и Кубокыр кьыщцухьащ илъэсих зи ныбжь, Малкэ щы заводым и Пегас адыгэшым. ЗэрыщІну кьапщтэмэ, абы а гъэгуанэр зэпичащ зы сихьэтым километр 24,95-рэ икІуу. Ар Урысейм и лъэпкъ рекордщ.

Пегас хакІуэр къэзыгъэжар УФ-м щыгъажэ кІыхьымкІэ тІэунейрэ и чемпион, нэхъапэмэ къэралым и Кубокыр къэзыхьауэ щыта Махуэ Ахьмэдщ.

НэгъуэщІ ди шууейр Джыджий Анзор зытеса Салют адыгэшым етхуанэ увыпІэр иубыдащ.

Малкэ шы заводым и лэжьакІуэхэмрэ зэхьэзэхуэм хэта ди щІалэхэм мылъкукІэ ядэІэпыкъуа, Бахъсэн кьалэ орфуэйн и администрацэм и Іэтащхьэ Быф Анатолэрэ а ехьэлІэныгъэ гъуэзэджэмкІэ ди гуапэу дохьуэхьу.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Къагьырмэсхэ я зэхыхьэм

● Унагьуэм и илъэс

Къагьырмэсхэ я лъэпкъ зэхыхьэм къекІуэлІащ а унэцІэр зезыхьэ адыгэхэр, балъкъэрхэр, къущхьэхэр. Зэблагъэу, зэІыхьлыуэ, зэунэцІэдзкъуу цІыхубзхэм я гъащІэм.

ЗэІущІэм кърихьэлІащ Налшык, Жэмтхъалэ, Хьэсэней, Белая Речкэ, Хьэбэз, Чышбалькъ, Балькъэр Инщ, Кэнжэ, Анзорей, Хьэтуей, Нарткъалэ, нэгъэущ жьлэхэми щыщ зоблагъэхэр.

Къагьырмэс лъэпкъым и Іэтащхьэ Ірай а махуэм къыщыпсалъэм щІалэгъуалэр кхъхуриджащ иужьрей зэманым къекІуэкІ Іуэху мыщхьэпэхэм пэІэщІэ защІыну.

КьыдэкІуэтей щІэблэр хэкупсэу гъэсэн зэрыхуейм, лъэпкъэм зэпаубыдын зэрыщымыІэм тепсэлъыхьа, Хьэсэней дэт 16-нэ школым и унафэщІ Кайгермазов Сулимэн. «Къэбэрдей-Балькъэрым нэхъ лъэпкъышхуэ дыдэу нсхэм ящыщ зым и цІыхухэм яІурылъ бзэр зыхуэдэракъым нэхъыщхьэр, атІэ дыз эрызэшхуэрщ, дызэрызэкъуэшрщ. Абы ипкъ иткІэ, дэпсоми ди къалэн нэхъыщхьэр ди адэжьхэм кьытхуагъэна Іущыгъэм зедгъэужьныкъ, ар ди щІэблэм яхэтлъхьэныкъ», - кьыхигъэщащ абы. Сулимэн жиІахэм арэзы техьэуэ къэпсэльащ КъБКъУ-м и доцент Къагьырмэс Лаурэ, усакІуэ Къагьырмэс Борис, нэгъэущІхэри.

Щалэгъуалэрэзкъуэту къагъэхъуныр зи лъабжьэ Уставыр къащтащ, лъэпкым и совет хахащ. Къызэхуэса псори зэгурыІуащ апхуэдэ зэхыхьэхэр щІэх-щІэхыурэ къызэрагъэпэщыну.

ХЬЭЛЫШХ Анз.

● Хъуэхъуэр

Къыщалъхуа махуэхэр ягъэлъапІэ ди адэ Мэремщауэ Борисрэ ди адэ куэш Мэремщауэ Лолэрэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди жьантІэдэс нэхъыжьыфІхэм дохъуэхъу уэзышащэ быдэ яІэу, дэрэжэгъуэ щымыщІэу, я бынхэм я ГуфІэгъуэ хэплъэу, абыхэм къащІэхъуэхэм я ехъулІэныгъэхэм иригушхуэу куэдрэ ди апэ итыну. ЗэкъэущтІри къуэрадзэсхэм пщІэ зыхуащІ, гъащІэ дахэ къэзыгъэбщІа тхьэмадэхэщи, ди жьэгу пащхьэр зыхъуэмэ жьышцхьэ махуэ хъуну дахуохъуахъуэ!

Борис и къуэхэу Мухьэмэдрэ Ахьмэдрэ, илъхъуэху ФатІимэтрэ Іэминатрэ зыхэс Дыгулыбгъуэхэр Бэлагъыхэрэ я унагъуэхэр.

Аруан районым хьІхьэ Шытхьэлэ къуажэм щыщ Джатокъуэ Залым Артур и къуэм и ныбжьыр дыгъуасэ илъэс 18 ирикъуащ

Нарткъалэ 2-нэ курыт еджапІэр къуихыу, УФ-м и МВД-м и университет Санкт-Петербург щІэныгъэр дэтым и юридическэ къудамэм щІэтІысхьа ди щІалэм дехъуэхъуну дыхуейщ. Уи щІэныгъэр льагъэ, уи зэфІэкІыр ину, уи Іэщ-гъэкІэ уцІэрыІуэу, уи фІыкІэ яІуатэу, нэмысымрэ хабзэмрэ уи гъуаэзу, унасыпыфІэу, уэзышагъэ быдэ уиІэу, уэркІэ дыгушхуэу, уи ныбжьэгъэрэ гъэпэжрэ езыхэми уагъэлъапІэу гъащІэ кІыхь къэбгъэщІэну Тхьэм жиІэ!

Уи адэшхуэ-анэшхуэхэу Джатокъуэхэ Заурбийрэ Ленэрэ, Алботхэ Зуберрэ Раерэ, уи адэ Артуррэ уи анэ ХьэІишэтрэ, уи къуэшхэу Русланрэ Асльэнрэ.

Нобель и саугъэтыр зрата бзылъхугъэхэр

Бзылъхугъэхэм ящыщу яп дыдэ Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфащар шведыбзэ тхакІуэ **Лагерлеф Сельмэщ** (1858 - 1940). 1909 гъэм ар абы къратащ и Іэдакъэщ1экІхэм «гупсысэ жан, идеализм, псэкупсэ кьар зэрыщІэлъым папщІэ».

Сельмэ и тхыгъэ нэхъ иныр яп къыщыдэкІар езым и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирикъуа ныэжьщ. Литературэр, ІуэрыІуатэр ФІыуэ щалъагъу, цІыхубэ хъыбарыкъэр щалъагъэ тха Библиер китаибэхкІэ зэридзэкІащ. Интернат школыр Шанхай къыщыуха ныэжь, америкэ кьалэ Мейкон дэт колледжым щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ. ИтІанэ Китайм къигъэзэжри, егъэджакІуэу лэжьащ, инджылыз, америкэ литературэмкІэ курсхэр зэуниверситетым щригъэкІуэкІащ.

Абы щ1эрыІуагъэр къыхуэзыхьар иджырей Китай къралым теухуа повестхэмрэ романхэмрэщ. Псом хуэмыдэу «Анэ» романым, романищу зэхэт трилогием («ЩІы», «Къуэхэр», «Уиэ хэкІуэдэжа») куэд еджащ. 1931 гъэм дунейм кьытехьа «�щІы» романыр США-м нэхъыфІ дыдэу щадж тхылъхэм я бжыгъэм илъэситкІэ хэтащ, ар экземпляр мелуан хьууэ кьыдэкІащ.

Нобель и саугъэтыр кьыщратыным Бак Перл и хьэрхуэрэгъуэу щытар Митчелл Маргаретщ, абы илъэситІ и пэкІэ «Унесенные ветром» романыр кьыдигъэкІат.

Бак и ныбжьыр илъэс 80-м иту дунейм ехьжащ. Абы и Іэдакъэ кьыщІэкІащ тхылъи 100-м нэблагъэ.

Мистраль Габриэлэ (1889 - 1957) бзылъхугъэ усакІуэхэм ящыщу яп дыдэу Нобель и саугъэтымкІэ яГъэпэжжахэм ящыщщ. Годой-и-Алкайягэ ЗэІущІэ - араш усакІуэм и цІэ дыдэр - къыщалъхуар Чилим и ищхьэрэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ Викуньа кьалэ мыинырщ. Пщащэр школым щІэсу тхэн иригъэжьауэ и тхыгъэхэр щІыпІэ газетхэм кьытригъадэрт. Абдеж щыщІэдзауэ абы псевдоним зыфІищжат: зи Іэдакъэщ1экІхэм хуабжьу дихьх провансаль усакІуэ Мистраль Фредерик и унэцІэмрэ италын тхакІуэ Д'Аннунцио Габриэль и цІэмрэ кьыщІэрт.

ЛитературэмкІэ иІа екьулІэныгъэм жылагъуэ гъащІэм увыпІэфІ щригъэгъуэтащ усакІуэм. Абы дипломат кьулыкъу зыбжанэ иІыгъащ, Чилим и лЫкІуэу Лъэпкъ Лигэм, иужькІэ ООН-м щыІащ. Габриэлэ дунейм ехьжу илъэс дэкІа ныэжь, абы и лъахэгъу Нерудэ Паблэ итхыгъащ: «Ди къэралым усакІуэ куэд исщ, Америкэ псом исщ усакІуэхэр, ауэ сэ си фІэщ хъуркъым апхуэдэ зэчий, апхуэдэ псэ кьабзэ зиІэ усакІуэ зэгуэр къалъхужыну».

Швед академием и унафэкІэ 1966 гъэм Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфаща **Закс Нелли** (1891 - 1970) кьыщалъхуар Берлин щыпсэу, чыристан диныр къэзыщта журт гъащІэр. И адэр кьэзэрацІыхур зи Іуэху дэзыгъэкІыф фабрикантут, езым щІэныгъэ бгъэдэльт.

Нелли хуабжьу и лъэр щІидащ и адэр пасэу зэрыфІэкІуэдам. Ауэ фашистхэр властым пэрыкьа нэужь, и анэмрэ абыр къатепсыхари нэхъ тынштэкъым. Концлагерым имыхуэн щхьэкІэ, а Іур Швецием Іэпхъащ. Нелли и гъащІэр щихьар Стокгольмщ.

Литературэм и тхыдэм Закс и щІэр зэрыхьхар усакІуэущ. Абы и Іэдакъэщ1экІхэм Іупщ1у кьахощ гитлеровскэ Германием щыпсэуа хэхэс журтым и кьежьІуэкІыкІар.

Зи гугъу тщІы саугъэтыр швед академием хэтхэм бзылъхугъэхэм кьакІэлъыкІуэу щ1ыхуагъэфэщар илъэс 25-рэ дэкІа ныэжькІэщ. 1991 гъэм Африкэ Инщэ республикэм щыщ тхакІуэ **Гордимер Надин** литературэмкІэ лауреат хуэщащ. Надин и адэ-анэр эмигрантт: и адэр Урысейм икІри Африкэм Іэпхъуат, и анэр Инджылызым щыщт.

Гордимер Йоханнесбург дэт университетыр кьиухащ, егъэджакІуэу лэжьащ, литературэмкІэ, гъуэдзжэм и тхыдэмкІэ курсхэр иригъэкІуэкІащ. Илъэс 26-рэ хьууэ и рассказхэр зэрыт яп тхылъыр дунейм кьытехьащ, илъэс 30 щрикъуам и яп романыр кьыдэкІащ.

ЛитературэмкІэ Нобель и саугъэтыр кьэзыхьа бзылъхугъэхэм я Іэдакъэщ1экІхэм кьыщыгъэльэгъуа Іуэхугъуэкі, кьагъэсэбэпа хуэдэ жественнэ Іэмалхэмкі, зэрытха бзэкІэ зыкІи зэрызэмыщ1ыкыр умыгъэщІэгъуэн пльэкІыркъым. 1993 гъэм абыхэм кьахэхъуащ зи хьэтІкІэ зыми емыщхь афроамериканскэ ныэжьыр **Моррисон Тони.** Ар Уофорд щыщ негритянскэ унагъуэм кьыщалъхуащ. Университетым и бакалавриатыр кьиухащ, доктор диссертацэр пхигъэкІащ. Яп щІыкІэ редактор лэжьигъэ ирихьэкІащ, итІанэ егъэджэныгъэ ІэнатІэм зэрыхьащ. Саугъэтыр кьыщыхуагъэфэщам ар Пристон университетым и профессорт. Романих и Іэдакъэ кьыщІэкІащ Тони, абыхэм Іуэхугъэу нэхъыщхьэу кьыщыгъэльэгъуар американец цІыху фІыщІэхэм я гъащІэрщ.

КЪЭБАРТ Гунэху.

● Теплъэгъуэ



Сыт щыгъуэ зэмани дахэщ ди зыгъэпсэхуПІэхэр.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Унэгуащхэм папщІэ

ПщэфІапІэм къыщагъэсэбэпхэр

Сэр, гуахъуэр цІу хьунущ, кІэрпІоф цІыну зэгуэгъэжакІэ пльэщІмэ. Апхуэдэу ахэр хэбгъэльэ хьунущ кІэрпІоф зыхэзыхьа псым.

* * *

Сэр плъын и пэ сыхьэт ныкъуэкІэ шыгъушыпсым хэбгъэльмэ, нэхъ жан хьунущ.

* * *

Сэр е гуахъуэр улъиямэ, бжьынкІэ пльэщІмэ, кІэрыкІыжынущ.

* * *

Сэр псы пщтыркІэ умытхьэщІмэ нэхъыфІщ, нэхъ псынщІэу дзагуэ мэхъури.

* * *

Дыжьыным, мельхиорым кьэхэщыкІа пщэфІапІэ Іэмэпсымэхэр сабныпскІэ ятхьэщІри, псы кьабзэ дагъэжэхэжа нэужь, хьыдан гъущэкІэ ильэщІыж.

* * *

Мельхиорым кьэхэщыкІа Іэмэпсымэр джэдыкІэ зэрыбгъэва псым фІыуэ егъэкъабзэ.

● Хъуэхъуэр

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5.** Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балькъэрми гъуэзджэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, тхакІуэ, драматург, щІэныгъэлІ. **6.** Къэбэрдей-Балькъэрми Къэрэшей-Щэрэджэсми щІыхь зиІэ я артистхэ, узэрэджьІакІуэ цІэрыІуэ. **10.** Бынунэмрэ зыхэпсэукІыну абы иІэмрэ. **11.** 1959 -1961 гъэхэм Къэрал Кремль Уардэунэр щаухэм хэта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь адыгэлІ. **14.** Мадинэ и анэ (Щоджэнщ1ыкІу Алий и «Мадинэ» поэмэ). **15.** ІутІыжBorис и драмэ. **16.** Нартхэм я ныкъуэкъуэгъуэу щыта пасэрей льэпкъыжь. **18.** Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балькъэрми я цІыхубэ артист, Щоджэнщ1ыкІу Алий и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакІуэу щыта. **19.** Гъэвауи гъэжьауи гъэшым дэпшхыну фІы хадэхэкІ шхынигъуэ хьэдэмрэт. **21.** Гъубж Мухьэдин и тхылъ. **22.** Зыгъэрым и нэз, и эпылъыпІэ. **24.** Литературэм и зы пкъигъуэ. **27.** Зи щхъуантІагъэр гъэмахуи щІымахуи зыфІэмыкІуэд уэздыгьей жыг лъэпкъ. **28.** Кавказ Инщхъэрэм щежэх псы. **29.** ЛІы дэкІуа хъыджэбзыр зэрыхьа унагъуэм яхэсхьыхьу и гъуэнду яГъаІуэу щыта. **30.** Языныкъуэ къэралхэм я субъект. **31.** ГъащІэр зыдрахьэкІ щ1ыху, щхьэгъуэсэ. **33.** ХьуасКІэ ныбзыхх мывэ быдэ. **36.** Адыгэ тхакІуэ, режиссер, композитор щІэрыІуэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и щ1ыхубэ тхакІуэ. **37.** Мэкъу, мэш хуэдэхэр щ1ыпаупщІкІэ ищІ сатыр.

Къехьу: **1.** Тэрч куейм щыІэ кьуажэ. **2.** Къудащ Раисэ и «Мэзым псей щ1ыкІур кьэщыщкІащ» усэр адыгэбзкІэ зэзыдзэкІа усакІуэ. **3.** Унагъуэм я гуапэу кьахуеблагъэ щ1ыху. **4.** 1978 гъэм журтхэм Эль-Къунейтрэ щ1ызэтракъутам щыгъуэ я жьлагъуэм яхудэмыкІыу къэна адыгэ щ1ыхубз, Сирием и ЛІыхъужь нанэ. **7.** Налшык щІэ Зеиль Іуащ1эм тет «Сосрыкъу» рестораным и проектыр зыщІа суратыщІ. **8.** Къэбэрдей-Балькъэрми и тхылъ. **9.** ІутІыж Борис и «Шамхуэн и физыщІэм пьесэм хэт щ1ыхубз. **12.** Сабиіхэм гупитІу загуэщу ящІ джэгукІэ. **13.** Журнал, газет, радио, телевиденэ хуэдэхэм щылажьэ. **17.** Зы зэман гуэр, зэман мащІэ. **18.** Щ1ыщІэныгъэ, ныкъуэдыкъуагъэ, лажьэ зиІэ. **19.** ПсыпІэ къуалэбзу ин лъэпкъ, щ1ымахуэм щ1ыпІэ хуабэхэм зьлэтэжу, гъэмахуэм къэльэтэжу. **20.** ЯукІыу зи фэр траха, ауэ зэпкрамыха мэл. **23.** Псэхэм, гъащІэм я тхьэ. **25.** Абджым кьыхэщІыкІа, кьу зимыІэ, псы, щей хуэдэхэм зэрефэщ щ1ыкъу. **26.** Адыгэхэр армянхэм зэреджэ. **32.** Акъсырэ Залымхъан и «Къызбгуи» пьесэм зэт хьыджэбз. **33.** Пырким и лЫкІуэу Франджым, Канадэм, Бельгием щ1ылэжьа адыгэлІ. **34.** Хьэлъэ зезышэ е зезыхьэ Іэщ гуп. **35.** Сирием къикІыжа адыгэ тхакІуэ.

Зэхэзылъхьар
УЭРЫШ НурхьэлиІэщ.



ЩэкІуэгъуэм и 1-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ИхъуреягъкІэ къыкІухьу: **1.** АкІэ. **2.** КІэрахъуэ. **3.** Хьэуэпсэгъуэ. **4.** Гъуэзэджэ. **5.** Джэдыкъ. **6.** КІэдахьуэ. **7.** Хьуэжэ. **8.** Жэмтхьэлэ. **9.** Лэгъунэ. **10.** Нэгумэ. **11.** Мэшыкъуэ. **12.** Къуэдзэ. **13.** Дзэкъэгъуэ. **14.** Гъуэгуанэ. **15.** Нэщанэ. **16.** Ибэ. **17.** Бэлэбанэ. **18.** Нэгъуджэ. **19.** Джэрыджэ. **20.** Джэдхъурсанэ. **21.** НэщІэбжьэ. **22.** Жьэмыгъуэ. **23.** Гъуэгубжьэ. **24.** Жьэражьэ. **25.** Бажэ. **26.** Жэрумэ. **27.** Мэзыхьэ. **28.** Хьэблэ. **29.** Дэпыстэ. **30.** Тэрэзэ. **31.** Напэ. **32.** Пэнагуэ.

ИкумкІэ кІуэуэ: **4.** ГъукІэ. **6.** КІыр. **8.** Жыр. **14.** Гъуэгу. **33.** Адэ. **34.** Пабжьэ. **35.** Адэсы, **36.** Гъудэ. **37.** Гуэбэн. **38.** Шум. **39.** Анэщ1э. **40.** Ажэ.

● Гушы1эхэр

Ныщхьэбэ зГъэшхэнкъым

- Фи хьэм аргуэру си джэдыр ишхащ, - зыхуегъазэ цІыхубзым и гъунэгъум.
- Тхьэм уигъэпсэу, хъарзынэу къызжеПІащ, ныщхьэбэ згъэшхэнкъым.

Псы уасэр хэткъым

ШхапІэм щІыхьа лЫм шагыр кьыгъэщтащ ефэну.
- Сыт мы шагъырым псы щІыхэфІар? - мыарэзыуэ щІэуэпщІащ ар.
- КъхьІэ, псалъэмакъ кьыумыІэт, щІалэ, псы уасэр кьыпІытхыркъым, - къритыжащ жэуап Іэнэзехьэм.

Папэ ет

Зэадзэкъуэр лЫм и щ1ыпхъум деж хьэщІапІэ кІуащ.
- Уи Іэгур кьэущІыт, дэ щхуикІуГэнущ, - жиІащ Марие.
- Папэ ейм икІути, нэхьыфІщ.
- Сыт щхьэкІэ, дэ уфІэмыфІу ара?
- Хьэуэ, папэ и Іэгур нэхъ инщи ираш.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● ХъыбарегъащІэ

Къэбэрдей драмэ театрым фрегъэблагъэ

Щоджэнщ1ыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым щэкІуэгъуэ мазэм мыпхуэдэ спектакльхэмрэ зэІущІэхэмрэ щекІуэкІынущ:

ЩэкІуэгъуэм и 11-м
КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Иуан Владимир и творческэ пшыхь.
ЩэкІуэгъуэм и 18-м
Абу-Бакар Ахьмэтхъан. **«Алмэстыхэр»** *(гушы1э).*
ЩэкІуэгъуэм и 20-м
КъБР-м и цІыхубз артисткэ Щэрмэт Людмилэ и творческэ пшыхь.
ЩэкІуэгъуэм и 25-м
Думэн Мурадин. **«Уэлий и парашют»** *(гушы1э).*
ЩэкІуэгъуэм и 27-м
Рей Куни. **«Цы1ухъур, цы1ухбзыр, хьэдэ мыщ1ыхур...»** *(гушы1э).*

Театрым и художественнэ унафэщІыр Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист Шыбзыхъуэ Басирщ.

ЩыщІндзэр сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.

Телефонхэр: **42-64-94, 42-33-89.**

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЫМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Хьэфы1ІэМухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жьлаэс Маритэ, Льостэн Муэз, Ныбжьь Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**



ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 5, ебгъуэн 2-нэ ещІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхуі1апІэхэм я дэлажьэныкъуэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; суратехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагьыкІэ аэрэ зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зныту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щ1ыныкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щ1эту ягъэщ1.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

КъБР-м Щ1ихабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкі и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 33, телефонхэр 42-35-75.

Мы кьыдэкІыу гъэ гъэмахэщ: жэуап зыхь секретарь ДышэкІ Соня, редактору Истепан Залинэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3,4-нэ нап.)*, ПхытІыкІ Юрэ *(1,2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэІпыкьуэгъу Бащэ ФатІимэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ:* Дол Маринэ, ГъэкІэлІ Рае, Щомахуэ Маринэ, *суратыщІ* Бицу Жанэ.

Номеры «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.010●Заказ №3666